ngarajaan
di Campala kabeh ratu.
Mulih kudu pesta heula.
Ayeuna rendengan Gusti.

*

Dibawa oleh Nagasantra
seluruh negeri.
Semua ponggawa telah ikut.
Semua boyongan digiring
dengan Campala.
Semua patih sudah berkumpul.
Telah terboyong semuanya.
Di perjalanan tak tersebut.

*

Datang ke Cantaka Pura
lalu menghadap kepada Kangjeng Gusti.
Nagasantra telah muncul.
Disambut oleh Raja Barjah.
Kini Raja Barjah telah berkata,
"Silakan, terimalah ini,
sudah Eyang giring".

*

Segala isi negara,
rajanya dengan menteri dan patih
lalu ditanya.
"Sekarang, bagaimana Engkau?"
Raja Campa dan patih lalu berhatur,
"Hamba akan berbakti,
bagaimana kehendak Gusti

*

67. oleh // hamba dilayani".
Kangjeng Raja Barjah menyeru Para bupati,
"Syukurlah, kalau demikian.
Silakan tetap menjadi raja
merajai
semua ratu di Campala.
Sebelum pulang, berpesta dulu.
Sekarang pertunangan Gusti.

*

Kudu kagungan powarang
ka Putri Rukmana Sari
ka Putri Sang Raja Tunjung."
Tuluy rendengan harita
Nyi Rukmana,
Rame pesta teu dicatur.
Geus loba unggal wawacan
supaya gancang ngagurit.

*

Supaya gancang carita
eta raja geus pesta budal marulih
ditetepkeun jadi ratu.
Pada budal semah.
Rukmana wati
Geus pindah harita tuluy.
Raja Campala munjungan
ka asmaran anu marulih.

*** Asmaran * (dana)**

Nagasantra enggeus mulih
ka nagri dasar sagara.
Kocapkeun Jaka Karaton
nu dipiwarang neangan
sumping ka Tawanggantungan.
Ramana geus kitu nyaur,
"Aeh, Jaka Karaton datang.

*

Kumaha Raka kapanggih?
Tepi ka mana nya nyaba?"
Jaka karaton ngawalon,
"Abdi sumuhun timbalan.
Berkahing Kangjeng Rama
ku abdi estu kasusul
di nagri Cantaka Pura.

*

Harus punya pendamping
kepada Putri Rukmana Sari
kepada Putri Sang Raja Tunjung".
Lalu bertunangan saat itu
Nyi Rukmana.
Tak perlu diceritakan bagaimana
ramainya pesta.
Telah banyak setiap wawacan
agar cepat menyusunnya.

*

Supaya singkat cerita,
setelah pesta raja itu berpulangan
dikukuhkan menjadi ratu.
Tamu-tamu bubar.
Rukmana Wati
telah berpindah saat itu.
Raja Campala bersalaman
kepada asmaran yang pulang.

*** Asmaran * (dana)**

Nagasantra telah pulang
ke negeri dasar segara.
Tersebut Jaka Karaton
yang disuruh mencari,
datang ke Tawanggantungan.
Setelah itu ayahnya menyambut,
"Ah, Jaka Karaton datang.

*

Bagaimana Kakanda, bertemu?
Hingga ke mana bepergian?"
Jaka Karaton menjawab,
"Hamba, memang demikianlah.
Berkat doa Kangjeng Rama,
benar-benar saya susul
di negeri Cantaka Pura.

*

Nanging Putra eukeur nyangling
68. waktu ku abdi kapendak nu mawi
samar abdi teh. //
Tina awitna kapendak
jadi manuk tiga warni.
Abdi perang rame langkung
nya eta jeung Engkang Barjah.

*

Hanteu nyana jisim abdi
sugan teh kasep Kang Barjah
boro abdi perang sewot.
Geus kitu nguping susumbar
pokna ti Tawanggantungan.
Harti soteh geus disebut
nyebut jenengan Anjeun."

*

Ramana ngandika deui,
"Kumaha ari ayeuna?
Di mana Raka Ujang teh?
Dumukna aya di mana?"
Karaton nyembah unjukan,
"Ayeuna geus jadi ratu
raja diCantaka Pura."

*

Sigeugkeun raja bupati.
Kakocap Pamuntang Laya.
Eta nagri langkung rame.
Bagawan Sanding kakocap
ninggalkeun sahiji putra
tapi putra rupa bulus.
Alus lulus sabodas pisan.

*

Ibuna Dewi Nanjali.
Ari rupa bulus bodas.
Saban peuting saban poe
eta lampah kuya bodas
ka leuweung gede.
Teu beunang diharu-haru
ku ibuna eta kuya.

*

Namun, putra sedang menyamar
68. ketika hamba temui sehingga
hamba pangling. //
Sejak awal ditemui
menjadi burung tiga warna.
Hamba berperang sangat seru
dengan Kakanda Barjah.

*

Tak menyangka diri hamba,
ternyata Kakanda Barjah tampan,
padahal hamba berperang dengan
geram.
Kemudian dari Tawanggantungan.
Baru mengerti setelah disebut
nama Engkau".

*

Ramanda bertanya lagi,
"Bagaimana sekarang
Di mana Kakanda Ujang
Di mana tinggalnya
Karaton bersungkem malpor,
"Sekarang telah menjadi ratu,
raja di Cantaka pura".

*

Demikian Raja bupati.
Alkisah Pamuntang Laya.
Negeri itu sangat ramai.
Tersebut Bagawan Sanding
meninggalkan seorang putra,
namun putra berwujud bulus.
Bagus mulus, sangat putih.

*

Ibunya Dewi Nanjali.
Sementara, rupa bulus putih.
Saban malam saban siang,
kegiatan kura-kura putih
pergi ke hutan belantara.
Tak bisa dilarang
oleh ibu sang kura-kura.

*

"Naha maneh bulus putih,
hanteu beunang diomongan?
Ulah seug ka leuweung gede !
Kuma mun aya nu mawa ?
Maneh moal bisa lumpat."
Kuya putih tuluy matur,
"Lumpat ka leuweung ngaliang!"

*

Ibuna, Dewi Nanjali,
69. "Maneh // ulah ngawiwirang!"
"Ibu, abdi era bae."
"Da maneh teh rupa kuya
sarta hanteu boga bapa."
Kuya putih tuluy matur,
"Kajeun da geus kersa dewa."

*

Kuya putih matur deui,
"Puguh kuring sok diudag
ku budak diasrek-asrek
reujeung seug pada neunggeulan
ari eukeur kuring nyaba.
Nu mawi ka leuweung gede agung.
Suni, resep taya jalma.

*

Loba nu ngomong ka kuring.
Kuring teh arek dibawa.
Pokna teh rek disasate.
Sawareh omongan jalma
eta kuring rek dibawa.
Rek dibawa ka lembur
deuk dipake cocoban."

*

Ibuna ngandika deui.
"Ujang, ari eukeur nyaba
dina jero leuweung gede.
Ujang naon pagawean?"
Pok ngawalon kuya bodas.
"Kuring mun aya di gunung
ulin teh resep kacida.

*

"Mengapa kamu, bulus putih,
tak bisa diperingatkan?
Jangan suka ke hutan belantara!
Bagaimana jika ada yang menculik?
Kamu tak akan bisa lari!
Bulus putih lalu berkata,
"Lari ke hutan, membuat lubang!"

*

Ibunya, Dewi Nanjali,
69. "Kamu // jangan mempermalukan!"
"Ibu, saya juga malu".
"Kamu berbentuk kura-kura,
apalagi tak punya bapak".
Bulus putih lalu berkata,
"Biarlah, sudah kehendak Tuhan".

*

Bulus putih kembali berhatur,
"Justru saya suka dikejar
anak-anak, diusir-usir
juga dipukuli
jika saya sedang bepergian.
Karena itu ke hutan belantara.
Sunyi, menyenangkan, tak ada orang.

*

Banyak yang berkata kepada saya.
Saya akan dibawa.
Katanya, akan dibuat satai.
Kata sebagian orang,
saya akan dibawa,
akan dibawa ke kampung
untuk dijadikan perminan".

*

Ibunya berkata lagi,
"Ujang, ketika bepergian
di dalam hutan belantara,
apa yang dikerjakan Ujang?"
Menjawablah kura-kura putih,
"Jika saya ada di gunung,
betapa senangnya bermain.

*

Kumpul sagala dedemit
pada asih sadayana.
Peucang uncal badak banteng
macan singa babi oray
pada nyaah sadayana.
Bayawak bangkong jeung jakung
pada heman sadayana.

*

Ari kuring eukeur ulin
di gunung atawa tegal
barahala ngiring kabeh.
Nyebutna ge Agan Raja
ka kuring kitu basana.
Nyebut ge Agan Ratu
tur kuring puguh Si Kuya."

*

Ibuna ngandika deui,
"Ujang seug ka Cicatangan.
Kumaha keur di laut teh?"
kuya geus kitu // ngandika,
"Kuring mun keur dina liang
pada sujud kabeh lauk
sagala eusi sagara."

*

Sok tunda mun bulus putih.
Kakocap Pamuntang Laya
nyaur ponggawa sakabeh
enya eta Raja Dora.
Patih mantri sadayana
geus kumpul payuneun Ratu
hempak pada ngadeuheusan.

*

Raja Doawara ngalahir,
"Aeh, kabeh para ponggawa,
ieu kami susuh gede.
Tiap boga anak opat
seug awewe sadayana.
Kami anu matak bingung.
Raja nu opat darongkap."

*

Berkumpul segala dedemit
semua saling mengasihi.
pelanduk, rusa, badak, banteng,
macan, singa, babi, dan ular
sama-sama sayang semuanya.
Biawak, kodok, dan jakung
semua merasa iba.

*

Jika saya sedang bermain,
di gunung atau di ladang,
serempak ikut semua
malahan memanggil Tuan Raja.
Begitu panggilan kepada saya.
(mereka) menyebut Tuan Ratu,
padahal saya jelas kura-kura".

*

Ibunya berkata lagi.
"Ujang suka ke Cicatangan.
Bagaimana kalau di laut"
kura-kura kemudian // menjawab,
"Jika saya dalam lubang,
bersujud semua ikan,
segala isi lautan".

*

Ditunda dulu tentang bulus putih.
Alkisah Pamuntang Laya.
Memanggil semua ponggawa,
yang bernama Raja Dora.
Semua patih-menteri
sudah berkumpul di hadapan Ratu
sama-sama menghadap dengan
sopan.

Raja Dowara bersabda,
"Wahai, seluruh pada ponggawa,
aku sangat kesusahan.
mempunyai anak empat
semua perempuan.
Makanya aku bingung,
empat raja berdatangan".

*** Sinom ***

Raja geus kitu ngandika,
"Ayeuna ponggawa mantri,
geura kieu asalna mah,
nu matak acan kaharti.
Ari anak ngan sahiji
dongkap opat para ratu
nu ngalamar ka kaula
ka Dewi Rukmana Putri.
Ana dongkap nu opat teh bareng pisan
*
sarta sarua gagahna
eta nu opat bopati.
Kabeh geus hayang ditampa.
Ari heug ditampa hiji,
hanteu kapikir ku ati
kumaha eta nu tilu.
Urang barembug ayeuna
patih ponggawa jeung mantri."
Aya hiji raka raja pangsepuhna
*
jenengan Patih Rundawa,
pok matur bae ka Gusti,
"Kudu ngadamel timbangan
eta nu opat bopati
mundut anu langkung leuwih
71. kakara Gusti ti // nemu.
Lamun teu aya bobotan
moal kapendak ku Gusti
naon bae timbangan anu teu aya."
*
Geus kamanah ku Sang Raja,
"Leres saur Engkang patih
kudu aya nya pamenta
eta ka opat bopati
saha bae anu bukti.
Saembara ka ratu-ratu
menta gedong sakadomas
reregan mandara giri.
Gajah bodas ana ngising perak-emas

*** Sinom ***

Raja setelah itu bersabda,
"Sekarang, ponggawa menteri,
begini asalnya,
karena itu belum mengerti.
Sementara anak hanya satu,
datang empat ratu
yang melamar ratu
kepada putri Dewi Rukmana.
Keempatnya bahkan datang bersama-sama
*
lagi pula sama gagahnya
Keempat bupati itu.
Semua segera ingin diterima.
Jika diterima yang satu,
tak terpikir di hati
bagaimana yang tiga.
Kita berunding sekarang, patih, ponggawa, dan menteri".
Ada seorang kakak Raja paling tua
*
bernama patih Rundawa.
Maka berhatur kepada Gusti,
"Harus membuat timbangan untuk
keempat bupati,
menuntut yang lebih,
71. barulah Gusti me // nemukan.
Jika tak ada bobotnya
tak akan Gusti temukan
apa saja timbangan yang tidak ada".
*
Telah termaklumi Sang Raja,
"Benar usul Kakang Patih,
harus ada permintaan
kepada keempat bupati,
siapa saja yang sanggup.
Sayembara untuk ratu-ratu,
meminta gedung sakadomas
kalangan mandara giri.
Gajah putih yang berak perak dan emas

*

jeung menta kuda tandukan
reujeung hayam bodas hiji.
Jangkungna hayam sajengkeng
huluna katut-katut leutik
matana sagede cangkir
sukuna sagede jarum
saha anu bisa rupa."
keur kitu raja sarumping.
Geus lalinggih eta raja anu opat

*

dan menuntut kuda bertanduk
serta ayam putih satu.
Tinggi ayam sejengkal,
kepalanya bergaris-garis kecil,
matanya sebesar cangkir,
kakinya sebesar jarum.
Siapa yang bisa membuktikan".
Pada saat itu, raja berdatangan.
Empat raja telah duduk.

*

pada ngadeuheus sadaya
nya eta nyuhunkeun putri.
Sarua bae niatna
pok pada naros ka Gusti,
'perkawis eta Nyi Putri,
saha nu dipulung mantu.
Nu kamanah ku Gamparan
hayang nguping anu yakin."
Kangjeng Gusti geus kitu
ngawalonan.

*

Sama-sama menghadap
untuk mengharapkan putri.
Sama saja niatnya,
lalu bertanya kepada Gusti,
"Perkara Nyi Putri,
siapa yang dijadikan mantu?
Yang dipilih paduka ingin kami
dengar".
kangjeng Gusti kemudian menjawab.

*

"Ayeuna ka sadayana,
saha anu bisa manggih
rupa gedong sakadomas
reregan mandara giri
reujeung rupa gajah putih
ngising perak-emas wungkul
sarta menta hayam bodas
jangjangna sajengkeng pisan
72. Eta // hayam katut-katut leutik
huluna

*

"Sekarang kepada semua,
siapa yang bisa menemukan
wujud gedung sakadomas
wilayah mancara giri
dan wujud gajah putih
yang berak hanya perak dan emas.
serta minta ayam
dengan sayap cuma sejengkal.
Itu // ayam bergaris-garis kecil
kepalanya.

*

Sagede jarum sukuna.
Ka (sa) daya para bopati,
sana anu bisa meunang
misti jadi bojo putri!"
Sadayana suka galih
eta nu opat tumenggung,
"Urang ka mana nya nyiar?
Raja cidra liwat saking!"
Tur raja sakaben mucung budina.

*** Pucung ***

Eta raja anu opat pada bingung
tina sabab bangga.
Geus tangtu moal kalakon
pamentana moal aya anu boga.

*

Eta raja anu opat teh kaduhung
hayang ka nu lenjang
putri geulis lucu gonto.
Ngan hanjakal bangga pisan
pamentana.

*

Eta raja nu opat enggeus barempug.
"Ku urang perangan
mun bapana enggeus baeh.
Eta putri hukumna urang
reujeungan."

*

Tunda raja anu opat eukeur
bingung.
kocap kuya bodas
ku ibuna diparios
bulus putih naha tara barang
dahar.

*

Kakinya sebesar jarum.
Kepada semua bupati,
siapa pun yang mendapatkan,
pasti menjadi suami putri!"
Semua bersusah hati
keempat tumenggung.
"Ke maha kita mencari?
Raja keterlaluan!"
Semua raja berbudi murung.

* Pucung *

Raja yang empat sama kebingungan
karena kesulitan.
Sudah tentu tak terlaksana,
permohonannya tak bisa di-
kabulkan.

*

Raja yang empat menyesal
mengharap si ramping,
putri cantik, menarik, montok.
Hanya sayang, terlalu sukar per-
mohonannya.

*

Empat raja itu telah bersepakat.
"Kita perangi
jika ayahnya telah mati.
Putri itu kita nikahi bersama-
sama".

*

Hentikan tentang raja yang sedang
bingung.
Alkisah kura-kura bodas
ditanya ibunya
mengapa bulus putih tak pernah
makan.

*

Tuluy matur ibuna ka Kai Bulus,
"Aeh, bulus bodas,
na kumaha ari maneh.
Kapan maneh hanteu parok
reujeung jalma.

*

Reujeung deui kapan maneh rupa
bulus.
Malah para raja
hanteu ditampa saese.
Eta maneh na kumaha rarasaan?"

*

Pok *ngawalon* ka ibuna Kai Bulus,
"Ibu mun teu kersa,
73. kuring // rek ka leuweung bae.
Moal balik rek netep dina sagara.

*

Lamun Ibu hanteu ngadeuheus ka
Ratu
teu kersa nanyaan
kuring seja amit bae.
Di muara seug loba nu ngawulaan."

*

Tuluy nyaur ibuna ka Kai Bulus,
"Agus ulah waka.
Sugan malang ka Ibu teh.
Rek maksakeun Ibu ngadeuheus
ka Raja.

*

Sakumaha isin oge ku Sang Ratu.
enggal angkat.
Barang dongkap ka kadatuan,
Dewi Nanjali lajeng bae
ngadeuheusan.

*

Berhaturlah ibunya kepada Ki
Bulus,
'He, bulus putih,
bagiamana kamu ini.
Tahu bahwa kamu tak sama dengan
orang.

*

Juga, kamu nyata berupa bulus.
Bahkan para raja
tak diterima satu pun.
Bagaimana perasaanmu?"

*

Ki bulus menyahut terhadap
ibunya,
"kalau Ibu tak mau,
73. saya // akan ke hutan saja.
Tak akan pulang, akan menetap
di lautan.

*

Kalau Ibu tidak menghadap Ratu,
tak mau melamar,
saya akan berpamit saja.
Di muara banyak yang mau
melayani".

*

Ibunya lalu berkata kepada Ki
Bulus,
"Jangan dulu, Agus.
Apa tak merasa cemas terhadap
Ibu.
Ibu akan memaksakan diri
menghadap Raja".

*

Bagaimanapun segannya akan
Sang Ratu,
segera berangkat.
Ketika datang ke kedatuan,
Dewi Nanjali lalu menghadap.

*

Geus katinggal Dewi Nanjali ku
Sang Ratu.
Raja Pok mariksa,
"Dek naon ka dieu, Embok?"
"Jisim abdi dijurungan ku pun
kuya."

*

Pokna kapanglenggah Kangjeng
Ratu.
"Manawi kamanah
sumeja arek ngagandek."
Ku sang Raja niat kuya geus
kamanah.

*

Eta kuya hayang dipulung minantu.
Sang Raja ngandika,
"Ayeuna perkawis Embok
ka dieu teh ku kuya titah
nanyaan?"

*

Ger gumujeng sadayana ratu-ratu.
Bet kuya nanyaan.
Sakeudeung deui mah bancet
eta anu nanyaan ka putra raja.

*

Lajeng nyaur Raja teh ka ratu-ratu,
"Teu beunang dihina!
Najan Anjeun raja kahot
74. tacan rupa sagala pamenta kula.//

*

Najan kuya, lamun geus rupa
pamundut
kuya anu boga
nagara reujeung Putri teh.
Ku Embok teh caritakeun ka Ki
Kuya.

*

Telah tampak Dewi Nanjali pada
Sang Ratu.
Raja lalu bertanya,
"Apa maksud, Ibu, ke sini?"
"Diri hamba diutus oleh
Kura-kura".

*

Katanya ke hadapan Kangjeng
Ratu.
"Barangkali diizinkan,
akan menjadi pengiring".
Niat kura-kura telah dimaklumi
Sang Raja.

*

Kura-kura itu ingin dijadikan
menantu.
Sang Raja bersabda,
"Sekarang maksud Ibu
ke sini disuruh kura-kura
melamar?"

*

Maka tertawalah semua ratu.
"Masak sih kura-kura melamar?
Sebentar lagi malah katak
yang melamar Putra Raja!"

*

Raja lalu menegur para ratu,
"Tak boleh dihina!
walaupun Engkau raja hebat
74. belum memenuhi semua per-
mintaanku. //

*

Biarpun hanya kura-kura, kalau
terbukti permohonanku,
maka kura-kura berhak atas
negeri dengan putri.
Ibu ceritakan kepada Ki Bulus.

*

Ka Ki Kuya pamenta kula sakitu."
"Sumuhun timbalan,
dek dicaritakeun bae."
"Dipenta tujuh poe kudu rupa.

*

Kudu sumping deui Embok ka
kadatuan.".
Nanjali unjukan,
"Ngadeuheus Embok tinangtos.
Geus kacatet ku Embok
pamundut Raja."

*

Lajeng mulih Dewi Nanjali ti
kadatuan.
Kacarita dongkap
geus patepung jeung kuya teh.
Tuluy naros eta kuya ka ibuna.

*

"Jeung kumaha Raja nyaurna ka
Ibu?"
Ibuna ngandika.
Sakabehna dicarios
ka pun kuya hanteu aya nu kaliwat.

*

Geus sagala pamundut Ratu
kuya pok haturan,
"Kuring teh rek nyaba bae.
Rek ngajugjug kuring teh ka
Cicatangan."

*

Eta kuya geus datang ka Cisarayu
malidkeun sorangan.
Sarayu wahangan gede.
Hanteu lila geus tepi kana sagara.

*

Permohonanku untuk Ki Bulus
hanya itu".
"Baiklah,
akan disampaikan".
"Diberi waktu tujuh hari harus
terbukti.

*

Ibu harus datang lagi ke keraton".
Nanjali berucap,
"Ibu tentu menghadap.
Telah Ibu catat permohonan Raja".

*

Lalu pulanglah Dewi Nanjali dari
kedatuan.
Alkisah telah datang,
telah bertemu dengan kura-kura.
Kura-kura itu bertanya kepada
ibunya.

*

"Bagaimana perkataan Raja
kepada Ibu?"
Ibunya menjawab,
semua diceritakan
kepada sang kura-kura, tanpa ada
yang tertinggal.

*

Setelah mengetahui permohonan
Ratu,
kura-kura lalu berhatur,
"saya akan pergi saja,
mau menuju ke Cicatangan".

*

Kura-kura itu telah sampai ke
Ciserayu,
menghanyutkan diri.
Serayu sungai besar.
Tak lama telah sampai ke lautan.

*

Tuluy teuleum kuya di basisir
kidu..
Kocap di nagara
Nagawati pada kaget
sabab cai sagara kabeh ngagolak.

*

Pok nimbalan Nagawarti, naga
lembut.
"Coba geura mangkat
sagala dedemit kabeh,
Jaya Una reujeung Kai Una Jaya.

*

75 Reka Maya-Maya Reka kudu saur,
//
kumpulkeun sadaya.
Naon nu matak kieu teh?
Ieu urang estuna wirang kacida!"

*** Wirangrong ***

Geus jung indit pala mantri.
Jaya Pertala geus leos
mapay ka luhureun banyu.
Ari beh teh kuya putih.
Jaya Pertala seug bengong.
Nyampeurkeun Jaya Pertala
eta kana kuya bodas.

*

Enggeus sidik kuya putih.
Jaya Pertala seug bengong.
Geus hanteu bicara saur
da geus sidik kuya putih.
Hanteu kacatur di jalanna
geuwat ngadeuheus ka Raja.

*

Kura-kura lalu menyelam di pantai
selatan.
Tersebut dalam negeri,
Nagawati terkejut
sebab seluruh air lautan bergolak.

*

Nagawati, naga kecil, lalu bertitah,
"Coba, segera berangkat
seluruh siluman,
Jaya Una dengan Ki Una Jaya,

*

75. Reka Maya-Maya Reka harus
panggil, //
kumpulkan semua.
Apa yang membuat begini?
Ini membuat kita malu!"

*** Wirangrong ***

Telah beranjak para menteri.
Jaya Pertala telah berangkat
melalui permukaan air.
Maka tampaklah kura-kura putih.
Jaya Pertala terpana.
Jaya Pertala mendekat
ke kura-kura putih.

*

Telah jelas kura-kura putih.
Jaya Pertala terpana.
Tanpa berbicara lagi sebab jelas
kura-kura putih.
Tak tersebut di perjalanan,
lekas menghadap Raja.

*

Nagawarta geus ningal.
Jaya Pertala unjukan.
"Aya naon nu katimu
keur waktu ngaronda tadi?"
Jaya Pertala unjukan,
"Abdi mendak kuya bodas.

*

Dina saluhuran cai
aya kuya putih yaktos!"
Hanteu kungsi lila jebul
enya estu kuya putih.
Ku Nagawarta katingal.
Dirontok ku Nagawarta.

*

"Na ku naon incu aing
nu matak ka dieu ngantak?"
Tuluy matur eta bulus,
"Nu matak ka dieu abdi
aya nu dipikahayang.
Nu mawi marek ka Eyang.

*

Eyang nu langkung tingali
kana karep putu yaktos."
Nagawarta pok ngadawuh,
"Ku Eyang enggeus kaharti
dina pikarepeun Ujang
Kang Eyang enggeus uninga."

*

Nagawarta nyaur deui,
"Ka Jaya Pertala Eunteul,
76 wayahna Ujang teh tumut //
Kudu jadi gajah putih.
Iyang reujeung Una Gangga.
Gangga Una jadi hayam

*

Nagawarta telah melihat.
Jaya Pertala melapor.
"Apa yang ditemukan
ketika tadi meronda?"
Jaya Pertala menerangkan,
"Hamba menemukan kura-kura
putih.

*

Di permukaan air
sungguh ada kura-kura putih!"
Tak berapa lama muncul,
benarlah kura-kura putih.
Nagawarta melihatnya.
Dirangkul oleh Nagawarta.

*

"Ada apa, Cucuku,
sehingga bergegas ke sini?"
Bulus itu lalu berhatur,
"Hamba datang ke sini
karena ada yang dimaksud.
Karena itu, menghadap ke Eyang.

*

Eyang lebih mengerti
akan keinginan Cucu".
Nagawarta berkata,
"Eyang telah mengerti
akan keinginan Ujang.
Ingkang Eyang telah mengetahui".

*

Nagawarta kembali berkata,
"Jaya Pertala Eunteul,
76. diharapkan Ujang menurut, //
harus menjadi gajah putih.
Berangkat dengan Una Gangga.
Gangga Una menjadi ayam.

*

Una Gangga kudu jadi
kuda jadi make tanduk yaktos.
Gedong sakadomas estu
ieu bae waluh misti.
Mangke mun ka ditu datang
beubeutkeun tengah-tengahna.

*

Tapi kudu tengah peuting
beubeutkeun waluh teh yaktos
reujeung dipaparin elmu
ku Eyang teh kuya putih."
Gancangna kabeh geus iyang.
Hanteu kacatur di jalanna.

*

Ibuna kuya geus sumping
sarta mawa batur yaktos.
Ibuna tuluy ngadawuh,
"Eta kapan kuya putih.
Ujang kutan teh ti mana?
Estu Ujang kasmaran.

*** Asmarandana ***

Ibuna mariksa deui,
"Na kumaha ieu kuya
nu matak mawa batur teh?
Jeung eta saha ngaranna
anu ku maneh dibawa?"
Eta kuya tuluy bae nyaur,
"Abdi sumuhun pariksa.

*

Ari eta anu hiji
ngaranna pun Gangga Una.
Nu kadua ngaranna teh
Una Gangga nu katelah.
Ari anu kaping tiga
Reka Maya nu kamashur
Wadia balad Kangjeng Eyang.

*

Una Gangga harus menjadi
kuda yang bertanduk sebenarnya.
Gedung sakadomas
cukup dari labu.
Nanti, kalau tiba di sana,
hempaskan bagian tengahnya.

*

Tapi, harus tengah malam
labu dibantingkan
dan juga diberi ilmu
kura-kura putih oleh Eyang".
Semua telah pergi cepat-cepat.
Tak diceritakan perjalanannya.

*

Ibu kura telah datang
dengan membawa teman.
Ibunya lalu berkata,
"Ibu memang kura-kura putih.
Ujang dari mana ?
Benar-benar Ujang mabuk
kepayang".

*** Asmarandana ***

Ibunya menanyai lagi,
"Bagaimana ini, kura-kura,
sehingga membawa teman ?
Siapa pula namanya
yang kau bawa ?"
Kura-kura itu lalu berkata,
"Hamba menerima pertanyaan.

*

Orang yang satu
bernama Gangga Una.
Yang kedua namanya
Una Gangga sebutannya
sedangkan yang ketiga
Reka Maya yang terkenal
anggota pasukan kangjeng Eyang.

*

Anu kaopatna deui
ngaran pun Reka Maya
Batara Gangga gegeden
Patihna Eyang Batara.
Ari eta anu kagenepna
Jaya Pertala kula nun
77 tunggal balad // Kangjeng Eyang."

*

Ibuna ngandika deui,
"Na ti mana nagarana
nu matak wani mawa teh?"
Bulus putih pok haturan,
"Ibu, sumuhun timbalan.
Eta jalma nu sakitu
ti nagri dasar sagara.

*

Eyang Batara geus indit
anu mawi wantun mawa."
Geus terang pisan sakabeh
ibunya mindo ngandika,
"Eta jalma nu genepan
na naon gawe nu perlu
eta teh para dewata".

*

Pun kuya pok matur deui,
"Eta teh gawena jalma
eta dedemit sakabeh.
Ari eta Jaya Una
enggeus dimisti gawe
jadi kuda make tanduk.
Ari nu hiji gawena.

*

bade jadi gajah putih
eta teh kitu gawena
jadi hayam gawena teh.
Ari pun Batara Gangga
mawa gedong sakadomas.
Geus pepek payuneun Ratu.
Mangga Ibu geura angkat."

*

Yang keempat
bernama Rekan Maya.
pembesar Batara Gangga.
patihnya Eyang Batara.
Sementara itu, yang keenamnya
Jaya pertala. Jungjungan.
77 termasuk pasukan // Kangjeng
Eyang

*

Ibunya berkata lagi,
"Di mana negeri asalnya
sehingga berani membawanya ?"
Bulus putih berhatur,
"Ibu, memang demikian,
orang sebanyak itu
dari negeri dasar negara.

*

Eyang Batara telah berangkat
Karena itu sanggup membawa."
Semua telah mengerti.
Ibunya mengulangi bertanya,
"Orang berenam itu
apa tugas dan keperluannya
para dewata?"

*

Sang kura-kura berhatur lagi,
"Tugas orang itu,
semuanya adalah siluman.
sedangkan Jaya Una
telah mendapat tugas
menjadi kuda bertanduk,
sedangkan yang satu tugasnya

*

akan menjadi gajah putih
Demikian tugasnya
menjadi ayam,
sedangkan Batara Gangga
membawa gedung sakadomas.
Telah penuh di hadapan Ratu.
Silakan, Ibu segera berangkat."

*

Ibuna jung angkat gasik.
Teu kacatur di jalanna
kocap dongkap ka kadaton
tuluy ngadeuheus ka Raja.
Geus kitu Raja ngandika,
"kumaha ayeuna urus
perkara pamenta kula?"

*

Dewi Nanjali matur deui,
"Perkawis pamundut Raja
ayeuna teh enggeus jogo.
Sadayana hanteu kirang
78 eta pamundut Gamparan."
Geus kitu Raja ngadawuh,
"Mangga, Embok, geura candak."

*

Ibuna ngawalon deui,
"Enggeus dibantun ayeuna.
Malah itu geus ngaberes
itu geus sadaya pisan
ibarat nagara anyar.
geus pinuh di alun-alun
Mangga antian ayeuna.

*** Kinanti ***

Sagala pamundut Ratu
sadaya enggeus kabukti.
Gedong jeung eusina pisan
kekembangan warna-warni
sareng warna buah-buah
sagala ngan kari mipit

*

jeung gedongna kari bus."
Geus kitu Raja ngalahir.
Geuwat disaur putrana,
"Aeh, Nyai Dewi Rukmana,
Nyai kudu carogean.
Ama teh kudu dibeuli

*

Ibunya sigap berangkat,
Tak tersebut di perjalanan,
datanglah ke kedatuan,
lalu menghadap Raja.
Kemudian Raja bertanya,
"Bagaimana sekarang urusannya
tentang permintaanku ?"

*

Demi Nanjali berhatur lagi,
"perkara permohonan Raja,
sekarang telah tersedia.
Semuanya tak kurang.
78 hal permohonan paduka."
Setelah itu, Raja bersabda,
"Silakan, ibu, segera bawa".

*

Sang Ibu menjawab lagi,
"Telah dibawa sekarang.
bahkan telah berbaris,
itu sudah semuanya,
mirip negara baru berdiri.
telah penuh di alun-alun,
Silakan menunggu sekarang.

*** Kinanti ***

Segala permohonan Ratu
semua telah terbukti.
Gedung berikut isinya
bunga-bunga berwarna-warna
juga aneka buah-buahan
semua tinggal memetik

*

juga gedungnya tinggal dimasuki."
Setelah itu Raja bersabda.
Segera dipanggil putranya,
"Wahai, Nyai Dewi Rukmana,
Nyai harus bersuami,
Ayah mesti ditebus

*

sabab Ama enggeus sanggup.
Kudu kersa ka bulus putih."
Nyembah matur Ratna Putra,
"Abdi sumeja rek ngiring.
Ayeuna kuma dawuhan
awon sae seja ngiring.

*

Sanajan marag pupus
abdi teh sumeja ngiring."
Raja nimbalan ka patih
ngumpulkeun ponggawa-mantri.
Kacarita geus sadia
ngaguruh jero nagari.

*

Kuya dipapag enggeus jung.
pun kuya tuluy dijoli
tapi ngan tembong sirahna.
Awakna di jero buni.
Nyi putri dina jolina
Tatapi hanteu sajoli.

*

Nu surak wani ngaguruh
wantu jalma heurin usik.
79 Loba anu kahampangan //
nyeungseurikeun eta kuya.
Ceuleungeung bae sirahna.
Enggeus parantosan kawin

*

sadayana pada wangsul.
Dina meja bunder cicing
pun kuya dikawulaan
tatapi eta Nyi Putri
kulemna mah jeung ibuna
cumah ngawulaan wungkul Putri.

*

Sebab Ayah telah menyanggupi
Harus mau kepada bulus putih."
Bersungkem Ratna putri,
"Hamba akan menurut.
Sekarang bagaimana Ayahanda,
buruk atau baik akan menurut.

*

Meskipun harus mati,
hamba tetap akan patuh."
Raja bertitah kepada patih
untuk mengumpulkan ponggawa-menteri.
Tersebut telah sedia,
bergemuruh dalam negeri.

*

Bulus disambut segera.
Sang kura-kura lalu berjoli,
hanya tampak kepalanya.
Badannya tersembunyi di dalam.
Nyi putri juga di dalam joli,
namun tidak sejoli.

*

Yang bersorak bergemuruh
maklum saja orang berhimpitan.
79 Banyak yang terkencing-kencing//
menertawakan kura-kura itu.
kepalanya terangkat.
Telah selesai perkawinan.

*

Semuanya pulang.
Bertempat di meja bundar,
kura-kura dilayani.
Namun, Nyi putri
tidur dengan ibunya.
putri hanya melayani.

*

Saban dahar eta bulus
ngaladenan Nyai Putri.
Hanteu kirang ana dahar
ngan sesendok ana dahar.
Ku Nyi Putri dihuapan.
Sigeug kuya reujeung Putri.

*

Kocapkeun Kangjeng Parabu
(ra) en Jaka Barjah bupati.
Para garwana dicandak
ti nagri cantaka Pura
ngalayad ka nu rendengan
kumpulan para bopati.

*

Pada ngadeuheus ka Ratu.
(ra) Den Barjah ngandika deui,
"Ka sadaya raja-raja,
kula ayeuna rek indit
ka pun Alo rek nepangan."
Gancang carita geus sumping.

*

Jeung kuya enggeus patepung.
Kuya tina meja indit.
(ra) Den Barjah ngaharewos
harita ka kuya putih,
"Ayeuna Alo kumaha?
Ulah lila-lila teuing.

*

Era teuing ku babatur
perkara opat bopati.
Ujang mangka ngeumah dahar.
Perang keun bae tong indit.
Ulah dianggo barobah
malah ayeuna der jurit."

*

Setelah bulus makan,
Nyi putri melayani.
Kalau makan tak pernah lebih,
hanya satu sendok.
Disuapi oleh Nyi putri.
Demikianlah bulus dan Nyi putri.

*

Tersebut Kangjeng Prabu,
bupati Raden Jaka Barjah.
para istrinya diboyong
dari negeri Cantaka pura,
menghadiri akad perkawinan.
Berkumpul para bupati.

*

Bersama-sama menghadap Ratu.
Raden Barjah kembali bersabda,
"Para Raja yang terhormat,
aku sekarang akan pergi
menemui keponakan."
Singkatnya, telah datang.

*

Telah berjumpa dengan kura-kura.
Kura-kura beranjak dari meja
Raden Barjah berbisik
saat itu kepada kura-kura putih,
"sekarang keponakan bagaimana?
jangan terlalu lama.

*

Malu benar karena orang lain
perkara empat bupati.
Ujang makan saja dengan enak.
Tak usah pergi berperang.
Jangan dipikirkan,
malahan sekarang telah
bertempur."

*

Kacarita raja nu opat der perang.
Raja Barjah maju jurit.
Taya kagi // lana
kawantu raja kusumah
nangtang ka opat bopati,
"Hayu, lawanan!"
Narajang opat nagari.

*

Raja Barjah geus nerus bumi ka handap.
Enggeus kitu jebul bijil
ngajadikeun oray
jadi ula tamaga ari rupana lir geni.
Oray narajang.
Diamuk kabeh perjurit.

*

Pada kabur balad eta anu opat.
Raja kabeh lumpat ngacir.
diudag ku oray
eta anu opat raja
dihantem bae diberik.
Maburna lepas
teu kacatur datang deui.

*

Kocap deui kuya putih dina meja
dikawulaan ku putri.
Anu jadi kuda
enggeus jadi deui jalma
reujeung hayam kitu deui
sarawuh gajah
sagala parabot nagri.

*

Tersebut raja yang empat berperang.
Raja Barjah maju bertempur.
Tak ada rasa // takutnya
maklum saja raja patriot
menantang kepada empat bupati,
"Ayo, lawanlah!"
Empat raja menerjang.

*

Raja Barjah telah menembus bumi ke bawah.
Kemudian muncul
menjadi ular
menjadi ular tembaga dengan rupa seperti api.
Ular menyerang,
Semua prajurit diamuknya.

*

Berlarian pasukan empat bupati,
Rajanya semua terbirit-birit.
Dikejar ular
empat raja,
terus saja dikejar,
Kabur terlanjur,
tak pernah datang lagi,

*

Tersebut bulus putih di meja
dilayani putri,
yang menjadi kuda
telah menjadi orang lagi
demikian pula ayam
berikut gajah
segala perlengkapan negara.

*

Kangjeng Raja matur ka eta
ponggawa,
"Poe isuk urang misti
embarkeun ka sadaya.
Urang ngadegkeun pesta
isukan masing tarapti
ngadegkeun pesta.
Urang suka-suka ati."

*

Geus isukna ngadegkeun bae karia.
Senenan jeung ngalubar
jeung maen rambutan
baksa reujeung sadaya.
Ngaguruh asa kaindit.
Kuya ngandika
miwarang ka Ratna Putri.

*

"Aeh, ayeuna Nyai geura tongton
pesta,
Ti babancong nya ningsal.
Putri ngawalonan,
"Teu werat abdi // mah era.
Kabeh nu nyebut ka kuring
teh putri kuya.
Omong jalma menak kuring."

*

Eta kuya nyaur deui ka garwana,
"Kajeun da geus takdir Nyai.
Poma ulah aral
los bae geura angkat."
Lajeng nganggo Ratna Putri
ningal pesta
di babancong enggeus linggih.

*

Kangjeng Raja berhatur kepada
ponggawa,
"Besok pagi kita hrus
mengumumkan kepada khalayak.
Kita mengadakan pesta.
Besok harus bersiap
menyelenggarakan pesta.
Kita bersuka cita".

*

Maka besoknya diadakan keriaan
Pesta Senenan dan syukuran
juga main rambutan
baksa dengan khalayak.
Bergemuruh tak terkira.
Kura-kura bertitah,
menyuruh Ratna putri.

*

"Oh, kini Nyai boleh menyaksikan
pesta.
Dari pendopo saja menontonnya"
putri menjawab,
"Tak tega hamba // sebab malu.
Semua memanggil saya
putri kura-kura.
Perkataan menak maupun jelata."

*

Kura-kura itu berkata lagi kepada
istrinya,
"Biar saja, Nyai, ini sudah takdir.
Harap jangan berkeluh-kesah,
ayo, lengkas berangkat."
Lalu berdandan Ratna putri
ingin menyaksikan pesta
telah hadir di pendopo.

*

Eta kuya nyaur ka Jaya Pertala.
Batara Gangga geus diangkir
geus jol pada datang.
Kuya teh tuluy ngandika,
"Aeh, Jaya Pertala, misti
dangdanan kuda,
rek ditunggangan ku kami.

*

sarta kuda rarangkenan karajaan."
Matak serab nu ningal.
Ki Batara Gangga
anu nyokot panganggona,
panganggo tedak bopati.
Langkung saena
lajeng dianggo sakali.

*

Cangkang kuya diteundeun ka kamar
ku Batara Gangga buni.
Beh Bangbang Sagara
enggeus hanteu cara kuya
kana kuda enggeus nitih
milu senenan
ladrang ngempur katingal.

*** Ladrang ***

Bangbang Sagara kudana disirig-sirig.
Kaget isteri
kabeh kaedanan
eta ningal nu kasep
geus tumpak kuda.

*

Pada ngomong eta isteri,
"Lucu teuing!
Naha eta urang mana?
Kakara panggih satria tur gandang."

*

Kura-kura itu memanggil Jaya Pertala.
Batara Gangga sudah didatangkan
telah berdatangan.
Kura-kura lalu bertitah,
"He. Jaya Pertala, mesti
mendandani kuda,
akan kutunggangi,

*

Serta kuda diberi perlengkapan kerajaan".
Membuat silau yang melihat.
Ki Batara Gangga
yang mengambil pakaiannya,
pakaian ala bupati,
Alangkah bagusnya,
sekalian dipakai.

*

Cangkang kura-kura disimpan di kamar
oleh Batara Gangga dengan rapi.
Tampaklah Bangbang Sagara
tak seperti kura-kura lagi
telah naik ke kuda
ikut pesta Senenan
tampak ladrang bersemburat.

*** Ladrang ***

Kuda Bangbang Sagara digiring-giring.
Terkejut kaum perempuan
semua terpesona
menyaksikan si tampan
telah menunggang kuda.

*

Berceloteh perempuan-perempuan
"Betapa menariknya!
Dari mana orang itu ?
Baru kali ini melihat satria ganteng!'

*

Kaget Nyi Putri Rukmana
geus ningal-ningal,
"Deuleu itu, Emban!
82 Itu saha tingali ku maneh sing // awas!

*

Ti baheula urang teh di nagari
tacan manggih-manggih
eta nu kitu kasepna.
Emban, maneh ayeuna geura los mulang."

*

Emban gancang bae indit.
Bah bae kapanggih
kuya ngan kari cangkangna.
Geus pertela Nyi Emban lumpat unjukan.

*

Barang datang Emban ka Nyai Putri,
"Dawuh, Gusti,
kuya ngan kari bungkusna!
Mangga layad eta di kamar.

*

Mangga, Gusti, hayu urang mulih.
Mangga gasik-gasik
meungpeung kuya tunggang kuda."
Enggalna Nyi Putri
geuwat mulih reujeung Emban.

*

Eta Putri geus sumping ka bumi.
Barang sumping
geus teu aya antara,
tuluy bae putri asup kana kamar.

*

Terkejut Nyai putri Rukmana,
telah melihat-lihat,
"Lihatlah itu, Emban !
82 Siapa itu, kamu lihat dengan // jelas.

Sejak dulu kita di negeri
belum pernah menyaksikan
yang tampan seperti itu.
Emban, sekarang kamu segera pulang".

*

Emban segera saja pergi.
Maka tampaklah
kura-kura tinggal cangkangnya.
Setelah yakin, Nyi Emban berlari melapor.

*

Saat Emban datang ke hadapan Nyi Putri,
"Daulat, Gusti,
Kura-kura tinggal bungkusnya!
Silakan, periksa di kamar.

*

Mari, Gusti, kita pulang.
Mari bergegas
mumpung kura-kura menunggang kuda".
Maka Nyi putri
segera pulang bersama Emban.

*

putri telah tiba di rumah.
Ketika datang,
tanpa membuang tempo,
segera saja putri masuk ke kamar.

*

Geus kapanggih cangkang kuya ku
Nyi Putri.
Pek dihuru reujeung Emban
pek diruang-ruang
cangkang kuya jero pisan.

*

Geus ngaruang Putri Jungkung
marulih
seuseurian tingcikikik
Nyai Putri reujeung Emban.
Tuluy bae Nyi Putri asup ka kamar.

*

Tuluy bae Putri teh ngintip
geus caringcing.
Eta Emban sina cicing bari
nyingkah.
Putri wae nyalira di jero kamar.

*

Raden Bangbang Sagara geus
mulih.
Barang sumping
ku Jaya Pertala dipapag.
Raden Bangbang kudana geuwat
dibawa.

*

Bangbang geus asup ka bumi
tuluy alak-ilik
83. eta kana // jero kamar.
Nyai ka Bangbang Sagara newak.

*

Wani poho eta Ratna Putri
jadi hiji-hiji
Putri jeung Bangbang Sagara.
Eta Putri sarua geugeutna.

*

Telah ditemukan olleh Nyi putri
kulit kura-kura
lalu dibakar bersama Emban
dan dikubur
cangkang kura-kura dalam-dalam.

*

Setelah mengubur, putri segera
pulang
tertawa-tawa cekikikan
Nyi putri bersama Emban.
Kemudian, Nyi putri masuk ke
kamar.

*

Lalu putri mengintip
telah bersiaga.
Emban itu disuruh menyingkir
diam-diam.
Putri hanya sendiri di kamar.

*

Raden Bangbang Segera telah
pulang
ketika sampai
disongsong Jaya pertala.
Kuda Raden Bangbang cepat
dibawa.

*

Bangbang telah masuk ke rumah
lalu menilik-nilik
83 ke arah kamar.
Nyai menangkap Bangbang
Segara.

*

Ratna putri itu lupa diri
menjadi satu
Putri dan Bangbang Sagara.
Putri itu sama mesranya.

*

Eta Bangbang Sagara jeung Putri
pada calik-calik ngarendeng sareng
rakana
Eta Eneng Putri calikna hanteu
paanggang.

*

Geuwat matur ka ramana eta
Putri,
"Jisim abdi
sumeja unjuk kauninga heula.
Perekawis kuya teh geus jadi
jalma."

*

Raden Bangbang disaur ku Gusti.
Kuya Putih tuluy bae ngadeuheus.
Sanggeus kitu pek diangkat jadi
raja

*

sarta kuya ponggawa jeung manteri
Raden Patih
pangkat nagri sami suka
pada dangdan geus kitu ger bae
pesta.

* Dangdanggula *

Sanggeus pesta sakabeh marulih.
Barjah pamitan rek mulang.
"Ujang mangga hade."
Bangbang Sagara pek matur,
"Kaula nun, Ama, jisim abdi
muga nyuhunkeun pidu'a
jiadna ti sepuh."
Sang Raja geus kitu jengkar.
Enggal sumping ka nagri Cantaka
Puri
geus tepung jumeneng raja.

*

Bangbang Sagara dan putri
duduk bersama-sama,
berdampingan.
Eneng putri duduk tak berjauhan.

*

Segera berhatur putri kepada
ayahanda,
"Diri hamba
hendak mengabarkan
bahwa kura-kura telah menjadi
orang".

*

Raden Bangbang dipanggil oleh
Gusti.
Kura-kura putih lalu menghadap.
Setelah itu diangkat sebagai raja

*

dan bulus ponggawa serta menteri
Radenpatih
pembesar negeri bersuka ria
sama-sama berdandan lalu
berpesta.

* Dangdanggula *

Setelah pesta semua pulang.
Barjah berpamitan ingin pulang.
"Ujang, juga diri baik-baik".
Bangbang Sagara lalu berhatur,
"Jungjungan, Ayahanda, diri
hamba
mohon doa
restu dari ayah."
Sang Raja lalu berangkat.
Segera tiba saatnya Raja.

*

seug tunda Sang Barjah bupati.
Kocap deui nagara Balangbangan.
Ratu Kontani gegeden
ratu siluman satuhu
boga anak awewe sahiji
84. ngaranna Nyi Dewi //
(dua halaman naskah, 84 dan 85, tidak ada)

*

86. // kumaha hayang ka cai
eta Putri keukeuh maksa.
"larangan gede kacida,
Poma Nyai ulah ka cai kunti keur liar.
Karesepna eta jurig

*

anu matak kudu cegah nu reuneuh mah.
Kaambeu ku jurig seungit
nu keur reuneuh karesepna.
Matur deui Ratna Putri.
Eta Putri keukeuh ka cai
ngumpulkeuh rencang (o) pat puluh ngiring ka cai.

*

Eta Putri enggeus sumping ka jamban.
Hanteu (lila) jol kelong ti luhur bijil.
Kelong ngadeukeutan
ngadodoho nu ti jamban.
Hanteu katinggal ku Putri
tuluy dibawa
dipiceun ka leuweung Putri.

*

Tunda dulu (tentang) Sang Bupati Barjah.
Tersebut negeri Balangbangan.
pembesar Ratu kontani
ratu siluman
punya anak perempuan sorangan
84 bernama Nyi Dewi //

*

86 karena ingin ke pancuran,
putri itu bersikeras.
"Larangan yang keras,
harap Nyai jangan ke pancuran saat kuntilanak keliaran.
Itu kesenangan setan.
*
Karenanya harus menahan diri yang hamil.
Tercium oleh setan wangi
kalau sedang hamil, kesukaannya,
berhatur lagi Ratna putri.
putri itu memaksa ke pancuran
mengumpulkan pengiring empat puluh, ikut ke pancuran.
*
Putri itu sudah sampai ke pancuaran.
Tak lama muncul kalong, dari ats tampak.
Kalong mendekat,
mengincar dari pancuran
Tak terlihat oleh putri,
lalu dibawa,
putri dibuang ke hutan.

*

Eta kelong geus balik deui ka
handap.
Salin rupa eta jurig
cara Nyi Terangganu pisan
hanteu dipiceun rupana.
Ku sadaya diiring
mulih ti jamban
rupana nyeples Nyi Putri.

*

Ngan bauna eta hanteu leungit
pisan
jeung ngiceupna kerep teuing
wantu saumur kakara.
Ku Sang Raja diuninga,
"Naha Nyai mulih di cai
bet salin rupa
sarta bau hapeuk hanyir?"

*

Eta kelong ka Raja ngandika,
"gegecok nu bau, Gusti
kapan kuring mawa panglay
sarta samping dibaluran
ku gegecok bawang tadi."
Barjah percaya.
Kacarita Ratna Putri.

*

Nyi Trengganu eukeur nalangsa
87. anu dipiceun // ku jurig
lawas angkat turut nu bala
ngasruk bae angkatna
mapay lebak nyukang pasir.
Nyalira angkatna
Nyi Dewi Trangganu Putri.

*

Kalong itu telah kembali ke bawah.
Siluman itu berganti rupa
seperti Nyi Trangganu
sebenarnya.
benar-benar mirip.
Diiringkan oleh semuanya
kembali dari pancuran.
Rupanya bak Nyi putri.

*

Hanya baunya memang tak hilang
dan kedipan matanya
terlalu kerap
maklum saja baru (menjadi putri).
Ditanya oleh Sang Raja,
"Nyai pulang dari pancuran
mengapa
berganti rupa,
bau apek serta amis ?"

*

Kelong itu berkata kepada Raja,
"Yang bau ramuan, Gusti
sebab saya membawa panglay
dan kain dilulur
dengan tumbukan bawang tadi."
Barjah percaya.
Tersebut Ratna putri.

*

Nyi Trangganu sedang
bersusah hati
87 dibuang // oleh siluman
lama berjalan menerobos semak.
harus saja berjalan tersaruk-saruk
menyusuri sungai
menyebrangi bukit.
sendiri berangkat
Nyi Dewi Trangganu putri.

*

Manggih kai gede pisan
ngarandakah.
Tengah leuweung Putri nangis.
Sinjang cipruk ku cisoca
meunang opat puluh dina
hanteu leneut hanteu tuang.
Aya pitulungan Allah.
Sumping guru para mati.

*

"Aduh, putu, Nyai teh ulah
nalangsa.
Eyang mere tuduh, Nyai.
Poma Nyai ulah aral.
Eta Nyai kudu mulang.
Di Pasuruan Nyai nya calik
Nyai nya aya.
Eta budak sok bikeun ka juru tani.

*

Renggang Pulung eta ngaranna teh
budak.
Mun enggeus ngajuru Nyai
murangkalih kitu ngaranna.
Lamun enggeus gede budak,
Nyai kudu salin rupi ngajadi
lanjang
sabab mangke
Barjah teh aya nu maling.

*

Moal aya nu kuat nulungan
nu bakal meunangkeun Nyai.
Moal aya anu bisa mun hanteu
ku Nyai mah.
Geura marulih ayeuna Nyai."
Gancangna mulang sisi nagari

*

Menemukan pohon sangat
besar rimbun.
Di tengah hutan putri menangis.
Kain basah dengan air mata
bertahan empat puluh hari
tidak minum tidak makan.
Datang pertolongan Allah,
tibalah guru parameti.

*

"Aduh, Cucu, Nyai jangan bersedih.
Eyang kasih petunjuk, Nyai.
Harap Nyai jangan mengeluh.
Nyai harus pulang.
Di Pasuruan dan Nyai tingal,
Nyai berada.
Anak serahkan ke juru tani.

*

Renggang Pulung nama anak itu.
Jika Nyai telah melahirkan
Demikianlah nama anak itu.
Jika anak sudah besar,
Nyai harus berganti rupa
menjadi pembantu
sebab kelak
Barjah ada yang menculik..
Tak ada yang bisa menolong
yang akan mendapatkan, Nyai.

Tak akan ada yang bisa
kecuali Nyai.
Kini pulanglah, Nyai."
Lalu segera pulang tepi negeri

*

sup kalembur pangebonan putri
eta
diagung dipusti-pusti
di patani tuluy babar.
Trangganu lalaki putrana.
88. Renggang Pulung budak kakasih //
alus rupana
kawantu putra bopati

*

maharaja di nagri Cantaka Pura.
Renggang Pulung murangkalih
ti Putri Trangganu tea
di Aki dimulya-mulya.
Ibuna jeung murangkalih
kuma adatna biasa
geus perenah eta Putri.

*

Kacaturkeun eta garwa Kangjeng
Raja.
Ayeuna Nyi Kelong deui
babarna teh bareng pisan
ngaranna teh Gerenaka
putrana pada lalaki
ngan goreng rupana
jeding tonggar murangkalih.

*

Pada heran hanteu pantes putra
Raja.
Raja mindel jero galih
sareng nu ngaladenan.
Naha eta putra Raja?
Sadaya kaget ningal
bet kawas buta.
Hiji emban ngomong ngecewis.

*

masuk ke kampung
perkebunan putri itu.
Di sana benar-benar
dihormat
di rumah petani lalu
melahirkan.
putra Trangganu laki-laki.
88 Renggang pulung anak
tercinta
elok rupanya
maklum saja putra raja,

*

maharaja di negeri Cantaka pura.
Renggang pulung anak
dari putri Trangganu
di kakek dimuliakan,
Ibu dan anak,
sebagaimana adat kebiasaan.
Telah bertempat putri itu.

*

Tersebutlah istri Kangjeng Raja.
Demikian pula Nyi Kelong
melahirkan berbarengan.
nama anaknya Gerenaka
anak mereka sama laki-laki,
hanya anak kelong buruk rupanya,
ia memble dan tonggos.

*

Semua heran karena tak pantas
sebagai anak raja.
Raja bersusah hati
juga yang melayani.
Apa betul ia putra raja
Semua terkejut melihatnya
karena seperti kelembai.
Seorang emban berbisik-bisik.

*

"Puguh eta, Juragan, sanes kacida
beda jeung ka pungkur, Gusti
teu sarua jeung baheula.
Parantos abdi ningalan
kapanggih susuna rabig.
Bet eta agemana
lambang manah Kangjeng Gusti."

*** Lambang ***

Kacarita Putra Raja
lima welas tahun yuswa
tuluy sina iskola
eta Raden kerendaka
lajeng nyiar panakawan
Raja lajeng miwarangan.

*

Patih anu dipiwarang
kudu meunang panakawan.
Geus angkat patih Sembawa
sarta leumpang gagancangan.
Geus ka pa // ngebonan
tuluy asup ka lemburna.

*

Tuluy manggih hiji budak
di Aki pangebonan tea.
Patih geus kitu mariksa,
"Eta, Aki, budak saha?"
Juru tani ngawalonan,
"Naha mariksakeun budak?

*

Sumuhun eta, Juragan,
budak Aki ti baheula.
Kumaha kersa Juragan?"
"Eta teh ka incu Aki,"
cek Patih, "Arek dibawa,
eukeur panakawan Agan".

agan".

*

"Jelas, Tuan, benar-benar
berlainan
berbeda dengan yang dulu, Gusti
tak sama dengan yang dulu.
Hamba telah meneliti
diketahui payudaranya berbentuk
aneh.
Dan pegangannya
lambang kepercayaan kangjeng
Gusti".

* Lambang *

Tersebut putra raja,
berusia lima belas tahun
lalu disekolahkanlah
Raden Kerandeka.
Kemudian mencari punakawan.
Raja lalu mengutus,

*

Patih yang diutus
untuk memperoleh punakawan.
Telah berangkat patih Sembawa
dengan berjalan cepat-cepat.
Telah memasuki per // kebunan
lalu masuk ke perkampungan.

*

Lalu menemukan seorang anak
di kakek tukang kebun.
Kemudian Patih bertanya,
"Kek, ini anak siapa?"
Juru tani menjawab,
"Mengapa bertanya tentang anak ?

*

Benarlah, Tuan,
anak kakek sejak dulu.
Apa maksud Tuan?"
"Cucu kakek tersebut,"
kata patih, "Akan dibawa
untuk punakawan paduka".

*

Juru tani ngawalonan,
"Taya sawios, Juragan,
ayeuna arek dicandak
yen suka pisan pun Bapa.
Sugan jadi lantaran
buat kapinteranana."

*

Raden Patih tuluy mangkat.
Renggang Pulung teh dicandak.
Hanteu kacatur di jalanna
enggeus datang ka nagara
tuluy ngadeuheus ka Raja.
(ra) Den Patih tuluy unjukan,

*

"Kaula nun, Kangjeng Raja,
ieu baris panakawan."
Raja geus kitu mariksa,
"Ieu budak urang mana?
Bet ngungkulan anak urang,
kasep moncorong cahaya."

*

Jebul sumping putra Raja
nya eta Raden Kerenaka.
"Ujang, ieu panakawan //
keur buat batur sakola.

*

Ieu dibere ku Ama."
Geus kitu tuluy dicandak
sabab poe ka sakola.
Renggang Pulung hanteu tinggal
reujeung Raden Kerenaka.
Pada nonoman sakola.

*

Juru tani menjawab,
"Tak apa-apa, Tuan,
kalau sekarang akan dibawa,
Bapa sangat senang.
mudah-mudahan saja menjadi
jalan
untuk kepintarannya."

*

Raden patih lalu berrangkat.
Renggang puluhg dibawa serta.
Tak tersebut di perjalanan,
telah tiba ke negeri
lalu menghadap kepada Raja.
Raden patih lalu melapor,

*

"Jungjunganku, Kangjeng Raja,
ini untuk punakawan."
Setelah itu Raja bertanya,
"Ini anak dari mana,
sungguh mengungguli anak kita,
tampan berbinar cahayanya,"

muncul putra Raja,
Raden Kerenaka.
"Ujang, ini punakawan //
untuk teman bersekolah.

*

Ini Ayah beri."
Setelah itu lalu dibawa
sebab hari itu harus sekolah.
Renggang pulung tak tertinggal
dengan Raden Kerenaka.
Pemuda sama-sama bersekolah.

*** Sinom ***

Kacarita nu sakola
geus dua tahun teu ngarti
eta Raden Kerenaka
wantu eta anak jurig,
punakawan mah geus ngarti
enggeus kana kelas tilu
sarta geus bisa ngagambar.
Renggang Pulung pinterna yakin.
Kacarita ari geus peuting harita.

*
Renggang Pulung kulem tibra.
Keur sedeng pisan janari
aya anu ngawurukan,
pokna, "kudu ati-ati
Ieu gambar geura tulis.
Ku Ujang kudu di turun.
Meujeuh jadi panakawan.
Gambar bae geura tulis,
gajah putih nu tunggang putri
tujuhan."

*
Renggang Pulung pek ngagambar
dina sajeroning ngimpi.
Gajah putih nu digambar
ditunggangan tujuh putri.
Geus parantos kulem deui
tuluy bae nyandak pulas jeung
keretas.

*
Renggang Pulung pek ngagambar.
Gajah Putih nu ditulis
Putri tujuh nu tunggangna.
Diteun (deun) di lawang kori.
Juraganna ninggal.
Barang beh mani ngaranjug,
91. "Naha // ieu beunang saha
gambar alus-alus teuing?"
Renggang Pulung ngawalon ka
Juragan.

*** Sinom ***

Alkisah yang bersekolah,
telah dua tahun tak mengerti.
Itulah Raden Kerenaka
sebab dia anak siluman.
Sementara, punakawan telah
memahami,
telah ke kelas tiga,
malahan telah bisa menggambar.
Renggang pulung benar-benar
pandai.
Tersebut ketika malam tiba.
*
Renggang pulung tertidur pulas.
Persis waktu dini hari
ada yang menasihati,
Katanya, "Harus berhati-hati.
Gambar ini segera buat.
Harus Ujang tiru.
Cukup menjadi punakawan.
Segera saja dilukis,
gajah putih dengan penunggang
tujuh putri."
*
Renggang pulung lalu menggambar
di dalam mimpi.
Yang digambar gajah putih
dinaiki tujuh putri.
Setelah selesai kembali tidur
kemudian mengambil pewarna dan
kertas.
*
Renggang pulung lalu menggambar
Gajah putihlah yang digambar.
putri tujuh penunggangannya.
Disimpan di gerbang kori.
Majikannya menyaksikan.
Terkejut saat melihatnya,
91 "Memang // siapa ini yang
membuat?
Alangkah bagusnya gambar ini!"
Renggang pulung menjawab ke
majikannya.

*

"Sumuhun duka, Gamparan,
duka saha anu nekin.
Yaktos abdi hanteu ningal,
ngan Gambaran anu rajin."
Carek Kerenaka, "kami,
ieu anu nekin estu.
Basa maneh keur ka pasar,
kami hantem bae nekin.
Bari nyumput nekin gajah jero
gambar."

*

Renggang Pulung pok unjukan,
"kumaha mun abdi nekin,
nurutan beunang Gamparan?
Coba abdi hayang nekin."
Kerenaka pok ngalahir,
"Potong leungeun semet siku
mun maneh nurutan gambar!
Maneh ulah wani-wani!
Saha bae nu nurutan potong
leungeunna!"

*

Kacarita Raja Barjah
geus lungsur ti Siri Manganti,
lajeng ngaronda sakola.
Kangjeng Raja barang sumping
ana ningal kana kori
aya gambar langkung alus.
Sang Raja lajeng mariksa,
"Ieu beunang saha nekin?
Lucu teuing ieu anu tunggang
gajah.

*

"Entahlah, Paduka,
entah siapa yang melukis.
sungguh hamba tidak melihat,
hanya Tuan yang rajin."
Ujar kerenaka, "Akulah
yang melukis ini
waktu kau sedang ke pasar.
Aku terus saja melukis
sambil bersembunyi, melukis
gajah dalam gambar."

*

Renggang pulung berkata,
"bagaimana kalau hamba melukis,
meniru lukisan Paduka ?
Coba, hamba inigin melukis."
Kerenaka lalu berkata,
"Dipotong tangan sebatas siku!
jika kamu meniru gambar ;
kamu jangan lancang!
Siapa saja yang meniru, tangannya
dipotong"!

*

Tersebut Raja Barjah
telah turun dari Siri Manganti,
lalu memeriksa sekolah.
ketika Kangjeng Raja datang
dan melihat ke arah kori
ada gambar sangat bagus.
Sang Raja lalu meneliti,
"Ini siapayang melukis ?
Alangkah menariknya yang
menaiki gajah.

*

Putri tujuh anu tunggang
sarta putri langkung geulis.
Naha eta putri ti mana
ieu teh anu ditekin
reujeung saha anu nekin?"
Kerenaka tuluy matur,
92. "Eta beunang abdi // nekin,
ngagambar poe kamari."
Kangjeng Raja ngandika ka
Kerenaka.

*

"Rajin temen anak Ama
Geus moal aya nu nepi,
Ama oge hanteu bisa.
Ari anak rajin teuing.
Ari ayeuna teh putri
kudu bae misti timu.
Gajah Putih jeung putrina
ku Ujang kudu kapanggih.
Mun geus beunang, Ujang
dijenengkeun raja."

*

Tuluy nyiar panakawan.
Renggang Pulung bear budi.
Renggang Pulung ngadeuheusan.
Pek dipariksa ku Gusti,
"Renggang Pulung kudu ngiring,
poe ieu kudu tuluy,
gajah putih sing kabawa
ditunggangan tujuh putri.
Ulah geseh kudu surup jeung
gambar."

*

putri tujuh yang menunggang
putri yang sangat cantik.
putri dari mana itu
yang kini dilukis,
dan siapa pula pelukisnya?"
Kerenaka lalu berhatur,
92 "Itu hasil hamba // melukis,
menggambar hari kemarin."
Kangjeng Raja bersabda kepada
Kerenaka.

*

"Betapa giat anak ayah.
Tak akan ada yang menandingi,
bahkan ayah juga tak bisa
sedangkan Ananda giat benar.
Kini putri itu
mesti ditemukan.
Gajah putih dengan putrinya.
mesti Ujang temukan.
Jika sudah dapat, Ujang diangkat
menjadi raja."

*

Lalu mencari punakawan,
Renggang pulung berbudi.
Renggang pulung menghadap.
Lalu ditanya oleh Gusti,
"Renggang pulung harus bertolak.
Gajah putih mesti terbawa
ditunggangi tujuh putri.
Jangan salah, mesti cocok dengan
gambar."

*

Renggang Pulung ngawalonan,
"Sumuhun teu sanggem abdi,
neangan anu teu aya.
Hanteu wantun jisim abdi."
Kerenaka nyaur bengis,
"Kajeun aing anu sanggup.
Maneh pira panakawan.
Mun suka sok bae ngiring.
Hayu bae ayeuna urang teangan."

*

Renggang Pulung ngawalonan,
"Mangga mun kitu mah ngiring.
Geus hanteu borong Gamparan."
Geus kitu jung bae indit,
turut gunung nyukang pasir,
93. manggih kai ngarunggunuk. //
Mangga urang kana kai.
Renggang Pulung pok unjukan,
"Mangga urang tuluy eureun
Renggana Pulung Kerenaka."

*

Renggang Pulung menyahut,
"Maafkan, hamba tak sanggup
mencari yang tak ada.
Tak berani diri hamba."
Karenaka berkata sengit.
"Biarlah, aku sanggup.
Kau cuma punakawan.
Kalau sudi ikutlah.
Ayo sekarang kita cari."

*

Renggang Pulung menjawab,
"baiklah kalau begitu, hamba ikut.
Sudah tak berkendala, Paduka."
Kemudian mulai berangkat
menyusuri gunung melintasi bukit,
93 menemukan pohon yang
rindang. //
Mari kita ke pohon.
Renggang Pulung berkata,
"Mari kita". lalu berteduh
Renggang Pulung Kerenaka.

*** Kinanti ***

Kerenaka jeung Renggang Pulung
eureun di handapeun kai.
Dumadak datang gogoda,
gajah ngagerem ti gigir.
Renggang Pulung hanteu obah.
Karenaka lumpat ngacir.

*

Kerenaka enggeus kabur
kocap datang ka nagari
ku ramana dipariksa,
"Naha Kerenaka balik,
kapan aya nu disiar,
naha mana rusuh balik?"

*** Kinanti ***

Kerenaka dan Renggang ~~pulung~~
berhenti di bawah pohon.
Mendadak muncul gangguan.
gajah meraung dari samping.
Renggang pulung tak bergerak.
Kerenaka berlari terbirit-birit.

*

Karenaka telah kabur
Tersebut datang ke negeri.
Diperiksa ayahnya,
"Mengapa pulang, karenaka,
bukankah ada yang dicari?
Mengapa tergesa-gesa pulang?"

*

Kerenaka tuluy matur,
"Sumuhun pariksa Gusti,
abdi teh entas peperang
dina leuweung langkung werit.
Buta dua langkung gagah
ku abdi diburak-barik.

*

Buta dua nu aruk-aruk
dilawan bae ku abdi.
Eta buta kabeh modar
duanana geus marati.
Renggang Pulung babar pisan
ku buta digegel mati."

*

Sigeug anu keur wawadul.
Renggang Pulung kocap deui
di leuweung eukeur nalangsa.
Maung ngagebosan tarik.
Renggang Pulung hanteu obah
anggur beuki tetap calik.

*

Pek disampeurkeun ku maung.
Renggang Pulung hanteu gimir.
Macan tuluy ngagigila,
94. sesegor bari nguriling. //
Leungit macan datang buta
ti hareup ngabirigidig.

*

Ambekanana ngaguruh.
Renggang Pulung hanteu miris.
Eta buta tuluy ngucap,
"Eukeur hayang ti baheula.
aing bakal nyatu jalma
ayeuna mah bakal meunang."
bari ngagebasan tarik.

*

Karenaka lalu berhatur,
"Demikianlah, Gusti.
Hamba telah berperang
di hutan yang angker.
Dua raksasa sangat gagah
hamba obrak-abrik.

*

Dua raksasa menakutkan
hamba lawan.
Raksasa itu mampus semua
dua-duanya mati
Renggang pulang pecundang.
Mati digigit raksasa."

*

Biarlah yang tengah berdusta.
Tersebut kembali Renggang
pulang
sedang nelangsa di hutan.
Harimau mendengus-dengus keras.
Renggang pulang tak bergerak,
malahan duduk semakin mantap.

*

Maka dihampiri harimau.
Renggang pulung tak gentar.
Macan lalu menyeringai.
94. mengaum seraya berputar-putar.//
Hilang macan datang raksasa,
dari depan tubuhnya bergidik.

*

Napasnya bergemuruh.
Renggang pulung tak gentar.
Raksasa itu lalu berucap,
'Telah ingin sejak dulu,
aku akan memangsa orang.
Sekarang akan berhasil,
seraya mendengus keras.

Renggang Pulung angger tungkul
hanteu pisan seber ati.
Leungit buta datang oray.
Renggang Pulung pek dibeulit,
ngaletakan ka salira.
Renggang Pulung jongjon calik.

*

Opat puluh peuting estu
hanteu pisan pindah calik.
Eta oray geus teu aya,
datang singa gede leuwih.
Renggang Pulung enggeus pasrah,
tungkul hanteu pindah calik.

*

Renggang Pulung enggeus lesu.
Jol ajar panunggu sakti,
niup kana mun-emunan,
"Aeh, Putu, geura tanghi!"
(ra) Den Renggang Pulung
ngorejat
tuluy sujud nyembah ka ajar sakti.

*

Ajar panunggu pok nyaur.
"Ku naon Putu anaking,
Ujang teh naon kahayang?
Semu nalangsa teuing."
Renggang Rulung matur nyembah,
'Sumuhun ieu teh abdi. //

*

Nu langkung ningali uyut
kana pikarepeun abdi."
Ajar panunggu ngandika.
"Nyaah teuing, Putu aing
teh ,ieu tampanan jimat.
Sagala paneja jadi.

*

Renggang pulung tetap menunduk,
sama dekali tak gentar hatinya.
Sirna raksasa muncul ular.
Renggang Pulung lantas dibelit,
dijilati badannya.
Renggang pulung tetap duduk.

*

Persis empat puluh malam
sama sekali tak bergeser duduknya.
ular itu sudah tak ada,
datang singa besar sekali.
Renggang pulung sudah pasrah,
menunduk tak berpindah duduk.

*

Renggang pulung telah lesu.
muncullah ajar penunggu sakti,
meniup ubun-ubun,
'He, Cucu, silakan bangun!"
Raden Renggang pulung tersentak
bangun,
lalu sungkem menghormat ajar
sakti.

*

Ajar penunggu berkata,
"Mengapa Cucuku,
Ujang berkeinginan apa
demikian nelangsa? "
Renggang pulung berhatur,
'Benar, ini hamba. //

*

Uyut yang lebih mengetahui
akan maksud hamba."
Guru penunggu berkata,
"Cucuku tersayang,
terimalah jimat ini,
semua hajat akan terpenuhi.

*

Ari ayeuna teh, putu.
geura jug-jug guna sengit,
dikira ti dieu sapal.
Di jerona aya putri.
Putri tujuh nya di dinya.
kukutan buta Warunggi.

*

Ayeuna nu tujuh.
kabeh beunang buta maling.
Nyokotan ti unggal nagri
sarta milih anu geulis.
Sahiji nu panggeulisna.
ngaranna Dewi Sarsari.

*

Kini, Cucu,
seteralah menuju gua yang angker,
dari sini kira-kira satu pal.
Di dalamnya ada putri.
Putri tujuh ada di sana,
Asuhan raksasa Warunggi.

*

Yang tujuh itu
semuanya hasil curian raksasa,
mencomot dari setiap negeri
dipilih yang cantik.
Satu yang tercantik
bernama Dewi Sarsari.

*** Mijil ***

Kabeh jadi anak pulung.
Geura los teang sing gasik.
Ayeuna Eyang rek mulang."
Ajar panunggu geus mulih.
Renggang Pulung los ka guha.
ngadagoan putri bijil.

8

Geus kaluar hiji putri
geulis sarta anom.
Renggang pulung ari
geus kitu teh naha gede manah
teuing.
Saha Nyi kakasih?
Renggang Pulung ari geus kitu

*

96. ngadeukeutan Raden ka Nyi Putri//
tuluy pada calik-calik.
"Ari Akang ayeuna teh
rek neangan nu miasih ayeuna
kapanggih."
Ningal renggang Pulung.

*** Mijil ***

Semua menjadi anak pungut.
Pergilah segera untuk mencarinya.
Sekarang Eyang akan kembali."
Guru penunggu sudah pulang.
Renggang Pulung pergi ke gua,
menanti putri keluar.

*

Telah keluar satu putri,
cantik lagi muda.
Renggang pulung kemudian
berbesar hati.
Siapa Putri namanya
Renggang pulung setelah itu

*

96. Raden menghampiri Nyi putri, //
lalu duduk bersama-sama.
"Sekarang ini Kakang
akan mencari kekasih, kini
menemukan."
Menataplah Renggang pulung.

*

"Ieu Engkang ti mana nya bumi?
Abdi yang nyaho.
anu matak angkat nyalira teh.
Naha gede manah teuing saha
nya kakasih?
Ren anyar pinanggih."

*

Renggang Pulung ngawalon ka
Putri.
"Sumuhun parios,
perekawis nagri kuring teh.
ti Cantaka Pura kuring,
gandek putra Gusti,
ngaran Renggang Pulung.

*

Manakawan kuring geus lami
tilu tahun yaktos.
Ari seja ayeuna kuring teh
dipiwarang nyiar gajah putih
ditunggangan putri,
putrina teh tujuh.

*

Sanggeus kitu Nyi putri ngalahir.
"yen putra bupatos,
nyaah teuing Anjeun jadi gandek.
Ku kuring enggeus kaharti.
Anjeun anu nyangling
estu putra Ratu."

*

Renggang Pulung naros ka Nyi
Putri.
"Kuring hayang nyaho,
da urang kakari tepung teh.
Anjeun ti mana nya nagri?
Jeung saha kakasih
anu geus kamashur?"

*

"Di mana rumah Kakang?
Hamba ingin tahu,
apa sebab berangkat sendiri.
Benar-benar bernyali besar siapa
namamu
padahal baru bertemu."

*

Renggang pulung menyahuti putri,
"Baiklah,
mengenai negeri saya,
saya dari Cantaka pura,
centeng putra Gusti,
bernama Renggang pulung.

*

Sudah lama saya menjadi
punakawan,
persis tiga tahun.
Maksud saya sekarang
disuruh mencari gajah putih
yang dinaiki putri
berjumlah tujuh putri."

*

Kemudian Nyi putri berkata,
"padahal putra bupati,
sayang benar Engkau menjadi
pengiring.
Sudah saya pahami.
Engkau yang menyamar
benar-benar putra ratu."

*

Renggang pulung bertanya kepada
Nyi putri,
"Saya ingin tahu,
karena kita baru bertemu.
Dari negeri mana Engkau berasal
juga siapa nama
yang telah termashur?"

*

97. Ratna Putri pok ngawalonan
manis. //
"Kuring nu sayaktos,
ari asal sim kuring teh,
ka Engkang seja wawarti."
Pok carita Putri
Ka (ra) Den Renggang Pulung.

*

"Asalna teh ieu jisim kuring
ti Awangi yaktos.
Ari anu katelah teh
ngaran Siti Dewi Sarsari.
pang di dieu kuring
ku buta dikukut.

*

Dipianak ku buta dipaling
Putri tujuh yaktos.
Eta putri beunang maling kabeh
milihan ti unggal nagri.
Ari gajah putih
nya kuring nu gaduh. "

*

Kacarita buta Warunggi
di jalan sesegor.
Renggang Pulung disumputkeun
bae.
Ku Putri dibuni-buni.
Datang buta Warunggi,
ka guha geus jebul.

*

Di timbang eta para putri
ku buta digeyong-geyong
tuluy diecagkeun kabeh.
Buta ngambeu aya lalaki
sarta ulak-ilik
naon anu bau.

*

97. Ratna putri menjawab dengan
manis, //
"Saya sebenarnya,
dari mana asal saya,
akan saya kabarkan kepada
Kakang."
Maka putri berkabar
kepada Raden Renggang pulung.

*

"Asal diri saya
dari Awangi.
Biasa dipanggil dengan
nama Siti Dewi Sarsari.
Berada di sini karena saya
dipungut raksasa.

*

Diangkat anak oleh raksasa, dicuri
tujuh putri.
Semua putri itu hasil curian
dipilih dari setiap negeri,
sedangkan gajah putih
milik saya. "

*

Tersebut raksasa Warunggi
meraung-raung di jalan.
Renggang pulung disembunyikan.
Disembunyikan benar-benar oleh
putri.
Datanglah raksasa Warunggi,
muncul di gua.

*

putri-putri itu ditimbang
digoyang-goyang raksasa
lalu semuanya diletakkan.
Raksasa mencium bau laki-laki
lalu menilik-nilik
apa yang bau.

*

"Ieu bau manusa lalaki!
Aeh, binatang colong!"
Tuluy nanya ka putri kabeh,
"Coba ngomong ayeuna, Putri!
Mun aya lalaki!"
nanti gua gugut!"

*

98. Pok // ngawalon ka buta Warunggi.
"Taya naon-naon
da ngan kuring awewe kabeh.
Di mana aya lalaki?"
Buta geus teu busing.
Kacaturkeun isuk,

*

eta buta tuluy nyaba deui.
Putri kabeh ronyok
pada nyapeurkeun ka Raden.
(ra) Den Renggeng Pulung geus calik,
pek di tengah cicing.
Ku Putri diriung.

*

Pok ngandika Nyi Putri Sarsari,
"Aeh, kuring dek naros,
jeung kumaha kersa Anjeun teh?
perkawis gajah putih.
Tapi jisim kuring
rek gaduh pamundut.

*

Lamun sanggup Engkang ka kuring
gajah teh tinangtos
kasanggakeun ka Engkang gajah teh.
Ngan kuring teu seja kari
kudu bae kawin
mun gajah dipundut.

*

"Ini bau manusia laki-laki!
Ah, binatang pencuri!"
Lalu bertanya kepada semua putri,
"Coba, sekarang bicara, putri!
Kalau ada laki-laki
nanti akan kukunyah!"

*

98. Berkatalah // kepada raksasa Warunggi,
'Tak ada apa-apa
hanya kami semuanya wanita.
Di mana ada laki-laki?"
Raksasa tak peduli lagi.
Tersebut pagi harinya

*

Raksasa itu kembali pergi.
semua putri berkerumun
serempak mendekat ke Raden.
Raden Renggang pulung telah duduk,
berada di tengah-tengah
dikelilingi putri.

*

Berkata Nyi putri Sarsari,
"Eh, saya hendak bertanya,
bagaimana kehendak Engkau
tentang gajah putih?
Namun, diri hamba
punya permintaan.

*

Kalau Kakang sanggup kepada saya,
tentu gajah
diberikan kepada Kakang.
Tapi, saya tak ingin tinggal,
mesti kawin saja
jika gajah diminta.

*

Reujeung buta eta sina mati".
Renggang Pulung walon,
"Ari perang rek dilawan bae.
Ari perkawis Neng Putri.
eta kitu galih,
masing sabar bae, Enung.

*

Ayeuna, hayu, urang geura indit.
Ti guha ngaleos,
urang minggat ayeuna teh."
Sadayana eta putri
99. tunggang // tunggang gajah putih.
Ti guha geus tuluy.

*

Sanggeus kitu eta pala putri
anu tujuh yaktos
di dinya perenah cicing bae
sarta dina tempat suni
reujeung gajah putih
ku Raden Renggang Pulung.

*

Eukeur kitu ajar jebul sumping
harita ka pondok,
"Ieu Uyut ngelayad ka Raden.
Renggang Pulung putra kakasih
teh Uyut maparin
panah sipatunggu."

*

Geus ditampa gondewa jamparing.
Ajar mulih leos.
Pok ngandika Renggang Pulung
tah.
"Ka sadaya pala putri.
di dieu caralik,
buta bisi nyusul.

*

Juga raksasa itu mesti mati."
Renggang pulung menjawab,
"Dalam berperang akan dilawan,
sedangkan mengenai Neng putri
yang demikian niatnya,
harap bersabar saja, Dinda.

*

Sekarang, mari, kita segera
berangkat
pergi cari gua.
Sekarang ini kita minggat."
Semua putri
99. Sama menaiki // gajah putih.
Dari gua meneruskan perjalanan.

*

Kemudian para putri itu,
putri tujuh tadi,
di sana berdiam
di tempat sunyi
bersama gajah putih
yang dikawal Raden Renggang
pulung.

*

Pada saat itu Guru datang
ke pondok.
"Kini Yutu mengenguk Raden.
Renggang pulung putra tersayang,
Uyut memberikan
panah si petunggu."

*

Sudah diterima busur dan anak
panah.
Sang guru pergi.
Renggang pulung lalu berkata,
"Semua putri,
silakan duduk di sini,
khawatir raksasa menyusul.

*

Rek dilawan ayeuna ku kuring. ''
Putri pok nyarios,
'Eta buta leuwih gagah teh.
Kajeun Raka entong jurit.
Megat bae reujeung kuring.
Mangga urang tuluy.''

*

Renggang Pulung ngawalon ka
putri,
''Muga ulah kawon.
Perang rek diajar bae.
Saumur teu acan jurit.''
Raden gancang indit.
Maju Renggang Pulung.

*

Enggeus sumping kana guha tadi.
sadia // ngadago.
Buta datang sarta jangkung gede.
muka guha euweuh putri.
Sewot buta bijil,
cur ngadupak pintu.

*** Durma ***

Eta buta narajang ti jero guha.
Renggang Pulung geus caringcing.
Buta tuluy ngudag,
''Binatang, ada orang!
Luh kowe, satria kecil.
mancuri sakarang!
Ambil guwe punyah putri!

*

Eh, satria, kuwe datang mau apa?
Luh kuwe lebih berani,
mau kupunyah tempat.
Siapa nyan dateng dia.
tida suka sekalih
dicolong anakku.
Anak sundel luh berani!

*

Akan saya lawan sekarang.''
putri lalu berucap,
''Raksasa itu sangat gagah.
Biarlah Kakang jangan bertempur.
Cegat saja bersama saya.
Mari kita lanjutkan.''

*

Renggang pulung menjawab,
''semoga jangan kalah.
Mau belajar berperang saja.
Seumur hidup belum bertempur.''
Raden segera beranjak.
Melaju Renggang Pulung.

*

Telah datang ke gua tadi
siap // menanti.
Raksasa datang dengan tubuh
tinggi besar,
membuka gua, putri tak ada.
Raksasa marah keluar,
berdentam menghantam pintu.

*** Durma ***

Raksasa itu menerjang dari dalam
gua.
Renggang pulung telah bersiaga.
Raksasa pun mengejar.
''Binatang, ada orang !
Kau satria kecil,
mencuri sekarang !
mengambil putriku!

He, satria, kamu datang mau apa?
Betapa beraninya kamu,
datang ke tempatku.
Siapa pun yang datang
sama sekali tidak sudi
dicuri anakku.
Anak sundal kau, lancang!

*

Nanti mati gua gugut sama dia!"
Renggang Pulung pek ngalahir,
"Loba ngomong sia!
Coba sia geura narajang!
Aing teu gimir saeutik!
Aing lawanan!"
Buta teh narajang wani.

*

Buta ka Renggang Pulung geus
newak.
Renggang Pulung nyingset tarik.
Buta teh narajang.
Buta pek mindo narajang.
Renggang Pulung nyingcet ka
gigir.
Jol ti tukangna,
gep ngegel ka Raden tarik. //

*

Renggang Pulung ditewak ku buta
beunang.
Pek Raden diuwang-awing.
enggalna dibalangkeun.
Raden lesu raraosan
ras eling kana jamparing
nyandak gondewa.
Buta dipanah ngaguling.

*

Datang deui ngaranna Gada paringga
dipanah deui ngaguling.
Modar duanana.
Renggang Pulung enggeus mulang,
geus tepung deui jeung putri.
Suka sadaya.
Ajar panunggu jol sumping.

*

Nanti mati kukunyah kau!"
Renggang Pulung lalu berkata,
"Banyak cakap kau!
Coba, kau lekas menerjang!
Sedikit pun aku tak takut!
Lawanlah aku!"
Raksasa menyerang dengan berani.

*

Raksasa hendak menangkap
Renggang pulung.
Renggang Pulung menghindar
cepat.
Raksasa menerjang pula.
Kembali raksasa menerjang.
Renggang pulung menghindar ke
samping.
Raksasa muncul dari belakang,
lalu menggigit keras Raden. //

*

Renggang pulung berhasil
ditangkap raksasa.
Lalu Raden diayun-ayun,
dan dihempaskan.
Raden merasa lesu
lantas ingat akan panah
dan mengambilnya berikut busur.
Raksasa terguling dipanah.

*

Datang lagi raksasa bernama
Paringga,
dipanah lagi dan berguling.
Keduanya mampus.
Renggang Pulung telah pulang,
telah bertemu dengan putri.
Semua bergembira.
Juru penunggu datang.

*

"Aeh, ayeuna Ujang teh geura pek
mulang
sarta eta gajah putih ku putri
Tunggangan.
Eyang mere wasiat
da Ujang putra bopati
Cantika pura.
Ibu teh Terangganu putri.

*

Geura kieu bisi Ujang teu uninga.
Ibu teh eukeur ka cai
geus sareupna pisan.
Aya hiji kelong datang.
Ibu teu beunang dihulag
ku ramana Ujang.
Dirawu kelong ti cai.

*

Los dipiceun ka leuweung eta ibu
Ujang.
Dirawatan ku patani.
Ibu tuluy babar.
Putrana teh nya eta Ujang.
Anak kelong nu diiring
ngaran Kerenaka.
102. Kitu, Ujang mun // teu ngarti.

*

Rama Ujang eta teh kelong
garwana.
Mangke Ujang lamun sumping,
pek panah ku Ujang
tangtu aya lantaran.
Rama kapalsu leuwih
kelong nu nyamar
ngarupakeun Ratna Putri."

*

"Ah, Ujang, sekarang silakan
pulang
dan gajah putih dinaiki putri.
Eyang membari wasiat
karena Ujang anak bupati
Cantaka pura.
Ibu ialah putri Trangganu.

*

Begini kalau Ujang tidak mengerti.
Ketika Ibu ke kamar mandi
senja telah larut.
Ada seekor kelong datang.
Ibu tak bisa dilarang
oleh ayahmu.
Maka diterkam kelong dari
pancuran.

*

Lalu ibumu dibuang ke hutan
dan dirawat seorang petani.
Ibumu melahirkan.
putranya ialah Ujang,
sedangkan anak kelong yang
diiringkan
bernama Kerenaka.
102. Demikianlah, Ujang, jika //
kurang mengerti.

*

Ayahmu beristrikan kelong.
Nanti, kalau Ujang datang,
panahlah olehmu.
Tentu ada sebabnya
ayahanda tertipu
karena kelong menyamar
berupa Ratna putri."

*

Renggang Pulung geus meunang
piwuruk ajar
kebat mulih ka nagari
ka Cantaka Pura.
Jelema mepet di pasar
anu nongton gajah putih.
Kaget sadaya,
anu tunggang tujuh putri.

*

Pada gehger eta di jero nagara.
Renggang Pulung pagar mati
bet ngiringkeun gajah.
Karenaka nu ngabohong.
Renggang Pulung enggeus sumping
ka padaleman,
geus marek ka Kangjeng Gusti.

*

Raja Barjah langkung kaget pok
mariksa,
"Eta hanteu nyana teuing,
ti mana nya meunang,
di mana anu aya?"
Geus lungsur Dewi Sarsari
matur ka Raja,
"Abdi dibeuli ku Gusti

*

sarta abdi dipulung anak ku buta.
Abdi teh estu dipaling.
Abdi anak raja
sareng anu genep
sadaya putra bopati
dipaling buta,
kapegat ku putra Gusti."

*

Renggang Pulung telah mendapat
petuah guru.
Ia segera pulang ke negeri
Cantaka pura.
Orang-orang berdesakan di pasar
menyaksikan gajah putih.
Semua terkejut
ternyata yang naik tujuh putri.

*

Maka gegerlah di dalam negeri.
Renggang pulung dikira mati
ternyata menggiring gajah.
Jelas Kerenaka berbohong.
Renggang pulung telah datang
ke istana,
telah menghadap kepada Kangjeng
Gusti.

*

Raja Barjah sangat kaget lalu
bertanya,
"Sungguh tidak mengira,
dari mana didapatkan,
ada di mana?"
Telah turun Dewi Sarsari
berhatur kepada Raja,
"Hamba ditebus Gusti,

*

Serta hamba diangkat anak oleh
raksasa.
Sebenarnya hamba diculik,
Hamba anak raja
juga yang enam
semua anak bupati
diculik raksasa,
lalu tercegat putra Gusti."

*** Magatru ***

103. Eta Putri Sarsari Dewi pok matur,//
Sumuhun pariksa Gusti.
Awit abdi teh patepung
sareng ieu putra Gusti
di jero guha kasondong.

*

Eta buta harita keur nuju suwung.
Putra harita jol sumping.
Abdi atoh liwat langkung,
eukeur keueung Putra sumping.
Ku abdi tuluy ditaros.

*

Cek abdi teh ka Radeh Renggang Pulung,
'mun Raden bade ka kuring,
eta buta kudu bunuh
jeung kudu ditikah abdi.
Renggang Pulung enggeus tangtos."

*

Sanggeus kitu buta diperangan tuluy.
Dipanah buta marati
nya ku ieu Renggang Pulung.
Ari gajah sareng abdi putra nu kagungan yaktos.

*

Sareng abdi geus jangji ka Renggang Pulung,
nyuhunkeun ditikah abdi
kakara gajah kahatur
nya eta pun gajah putih."
Putri tujuh geus kacaos.

*** Magatru ***

103 Putri Sarsari Dewi berhatur, //
"Beginilah, Gusti,
Semula hamba bertemu
dengan Putra Gusti
berada dalam gua.

*

Raksasa itu sedang tak ada.
Saat itulah putra catang.
Hamba sangat bergembira.
sedang cemas ada putra datang.
Lalu saya bertanya.

*

Hamba berkata kepada Renggang pulang,
"Jika Raden menghendaki hamba.
raksasa itu harus dibunuh,
dan mesti menikahi hamba.
Renggang pulung memberi kepastian.

*

Setelah itu raksasa terus diperangi
Raksasa mati dipanah
oleh Renggang pulung.
Sementara itu, gajah dan hamba milik putra.

*

Juga hamba sudah berjanji kepada Renggang pulung
Hamba mohon dinikahi,
barulah gajah boleh dimiliki
yaitu gajah putih."
putri tujuh telah hadir.

*

Kangjeng Raja ka patih tuluy
ngadawuh,
"Ayeuna ponggawa mantri,
sareh kula boga sanggup
lamun meunang gajah putih
diangkat parabu anom."

*

104. Tuluy matur Nyi Dewi Kelong ka
Ratu, //
"Eta hanteu pantes teuing
panakawan jadi ratu.
Ari eta anak kuring
bet hanteu jadi bupatos."

*

Kudu sadayana geus kitu pada
baringung.
Aya hiji patih surti,
"Ayeuna mah kaula nun,
lamun rempug sareng Gusti,
panuhun abdi nu yaktos

*

kudu ngadamel balabar di
alun-alun,
dikersakeun perang tanding.
Ayeuna mah kudu kitu.
Putusna teh putra Gusti."
Ku Raja enggeus kahartos.

*

Kangjeng Raja nimbalan ka
Renggang Pulung,
"Renggang Pulung nu berbudi,
ari ayeuna mah Gusti
kudu bae perang tanding
jeung Kerenaka nu seug bohong.

*

Kangjeng Raja lalu bersabda
kepada patih,
"Sekarang, ponggawa menteri,
karena aku bernadar
kalau memperoleh gajah putih.
mengangkat raja muda"

*

104 Maka Nyi Dewi Kelong berhatur
kepada Raja. //
"Ah, betapa tidak pantas
punakawan menjadi ratu.
Justru anak saya
tidak menjadi bupati."

*

Dengan demikian semua bingun.
Ada seorang patih segera paham.
"Sekarang, Jungjunganku,
kalau saja Gusti setuju,
hamba ada usul

*

agar membuat gelanggang di alun-
alun
untuk tempat perang tanding.
Sekarang mesti demikian,
keputusan untuk putra Gusti."
Raja telah memahami.

*

Kangjeng Raja bertitah kepada
Renggang pulung,
"Renggang pulung yang berbudi,
sekarang Gusti
mesti berperang tanding
dengan Kerenaka yang berbohong.

*

Kajeun teuing anak oge sabab palsu
Lamun teges anak aing
moal eleh perang campuh."
Patih mantri geus badami,
"Urang jajal hayang nyaho.

*

Reujeung deui lamun teges anak estu
muga meunang perang tanding."
Kacarita enggeus isuk.
Enggeus kumpul menak-kuring.
Geus heurin anu // lalajo.

*

Kacarita Kerenaka-Renggang Pulung
ka alun-alun geus bijil
di alun-alun geus tepung.
Tatabeuhan geus ger muni.
Pada paur anu nongton.

*

Geus ger surak baksa Raden Renggang Pulung.
Matak watir nu ningali.
Maju Raden Renggang Pulung.
Karenaka maju wani.
Renggang Pulung pek disaos.

*

Kerenaka dikelid sakali nambru.
Geus kitu bet hudang deui
rek males ka Renggang Pulung.
Renggang Pulung nyingcet tarik.
Jentot deui Raden nonjok.

*

Biarpun anak tak apa-apa karena palsu.
Kalau benar anakku
tentu tak akan kalah berperang".
patih-menteri telah berembuk.
"Kita jajal agar tahu.

*

Jika memang anak sebenarnya
semoga menang dalam perang tanding."
Tersebut telah pagi.
Telah berkumpul pembesar dan rakyat.
Telah padat dengan // penonton.

*

Tersebut Karenaka-Renggang Pulung
telah menuju alun-alun
berhadapan di alun-alun.
Bunyi-bunyian telah dipukul.
Penonton merasa ngeri.

Telah sorak pendukung Raden Renggang Pulung.
Membuat iba yang menyaksikan.
Majulah Raden Ranggang Pulung.
Kerenaka maju dengan berani.
Renggang pulang mulai beraksi.

*

Kerenaka sekali gaetan kaki telah terkapar.
Setelah itu bangun lagi
ingin membalasi Renggang Pulung.
Renggang pulung menghindar cepat.
Raden meninju lagi.

*

Kerenaka kapiuhan geus
ngudupung.
Ger surak asa kaindit.
Ibuna geus kitu muru.
Ku jalma teu katingal.
Putrana geus ngajolopong.

*

Kerenaka geus dipancingan.
Hanteu aya nu ningal,
hudang deui nangtang musuh.
Kerenaka tambah wani,
ditonjokan teu karaos.

*

Tuluy nyekel ka Raden Renggang
Pulung
dihaben dibuntang-banting.
Taya daya Renggang Pulung
dibalangkeun langkung tarik.
Renggang Pulung tambah sewot.

*

Mesat panah dipentang ku
Renggang Pulung
106. jentot keuna // kana pipi.
Kerenaka jungkel rubuh,
kapaehan ku jamparing
ana hudang jadi kelong.

*

Semet bitis susuna rayud ranutdut
Hiber duanana ngacir.
Ger surak wani ngaguruh.
Horeng kelong garwa Gusti.
Garwana teh horeng kelong.

*

Kerenaka pingsan tertelungkup.
Bersorak penonton.
Setelah itu ibunya mendekat,
Orang tak melihatnya.
Anaknya telah tersungkur.

*

Kerenaka sudah dipancingi.
Tak ada yang memperhatikan,
bangkit lagi menantang musuh.
Kerenaka tambah berani.
dipukul pun tak terasa.

*

Lalu memegang Raden Renggang
pulung
dan dibanting-bantingkan.
Tak berdaya Renggang pulung
dihempaskan lebih keras.
Renggang pulung makin geram.

*

Meloloskan panah Renggang
pulung
106 melesat mengenai // pipi.
Kerenaka terjungkal roboh,
pingsan karena anak panah,
saat bangun telah menjadi kelong
(sejenis mahluk mirip
kuntilanak)

*

Pas sebetis payudaranya
tergantung.
Terbanglah keduanya tergesa-
gesa.
Bergemuruhlah suara sorak.
Ternyata istri Gusti Kelong.
Ternyata istrinya Kelong.

* Pangkur *

Geus bubar perang tandingan.
Renggang Pulung eta disaur ku Gusti.
Geus ngadeuheus Renggang Pulung.
Lajeng mariksa, "Ayeuna teh kudu terang, Renggang Pulung.
Eta kumaha asalna
anu matak jadi jurig."

*

Renggang Pulung pok unjukan,
"Asalna teh eta garwa Kangjeng Gusti
urang siluman malulu
ti nagara Balangbangan.
Panteg hayang ka Gusti teh kaula nun.
Kelong teh boga akal.
Geus kitu kelong teh nyangling.

*

Keur waktu putri di jamban
dihilian nya eta ku kelong rabig
ngarupakeun Nyi Trangganu.
Ari garwa Gamparan mah
ku kelong teh dipiceun ka leuweung agung.
Rasa abdi enggeus wapat
107 lima welas taun leuwih." //

*

Kangjeng Raja kaedanan.
Ngarumpuyuk Kangjeng Raja hanteu eling.
Geus eling nangis Sang Ratu.
Raja kalangkung nalangsa,
"Duh, Nyai,
ieu Engkang milu pupus.
Nyai, Engkang milu Wapat
rayi-rayi milu mati.

* **Pangkur** *

Telah bubar perang tanding,
Renggang pulung dipanggil Gusti.
Renggang pulung telah menghadap
Lalu ditanya, "Sekarang terangkan Renggang pulung.
Bagaimana itu asalnya
sehingga menjadi setan."

*

Renggang pulung menjelaskan,
"Pada mulanya, istri Kangjeng Gusti
memang bangsa siluman
dari negara Balangbangan.
Rupanya ingin kepada Gusti.
Kelong punya akal.
Lalu kelong menyamar.

*

Pada saat putri di kamar mandi
ditukar oleh kelong buruk,
berupakan Nyi Trangganu
sedangkan istri paduka,
dibuang kelong ke rimba belantara
Hamba merasa ia sudah wafat.
107 lima belas tahun lebih. "//

*

Kangjeng Raja mabuk rindu.
Jatuh lemas Kangjeng Raja tak sadarkan diri.
Setelah sadar Sang Ratu menangis.
Raja sangat nelangsa.
"Aduh, Nyai,
ini Kakanda ikut mati.
Nyai, Kakanda ikut wafat.
Adinda, Adinda, ikut meninggal.

*

Nyai, di mana ayeuna.
Aeh, Kang Rayi, Nyai di mana nya
calik?"
Bari nangis Sang Perebu.
"Nyai teh mangka tawekal.
Aduh, Nyai, lamun masih keneh
hidup
geus moal burung patepang
jeung Akang papanggih deui."

*

Loba-loba saur Raja
Wantu eukeur mikawelas ka Kang
Rayi.
Pok matur ka Renggang Pulung,
unjukan ka Sang Raja,
"Ayeuna mah lamun rempug
jeung Sang Ratu,
sumangga urang teangan.
Jisim abdi seja ngiring.

*

Sugan teu acan wapat.
Kangjeng Raja, kitu panuhun sim
abdi.
Urang teang masing estu."
Raja manahna lalega
ngadangukeun piunjukna
Renggang Pulung.
Geus kamanah ku Sang Raja.

*

Kumpulan mantri ponggawa.
Gancang dongkap sakabeh
ponggawa mantri.
108. Geus kitu Raja ngadawuh.
"Ayeuna para ponggawa,
sareh kami keur nalangsa langkung-
langkung.
Di dieu masing iatna
ngajaga ieu nagari

*

Nyai, di mana sekarang.
Ah, Ingkang Adinda, Nyai di mana
berada?"
Seraya menangis Sang Prabu.
"N:ai harap bertawakkal.
Aduh, Nyai, sekiranya masih
hidup
pasti akan bertemu
dengan Kakanda berjumpa lagi."

*

Banyak sudah perkataan Raja.
karena benar-benar tengah menya-
yangi Adinda tercinta.
Lalu berhatur Renggang pulung,
menghadap Sang TRaja,
"Sekarang, jika Sang Ratu setuju,
marilah kita cari.
Diri hamba akan menyertai.

*

Barangkali belum wafat.
Kangjeng Raja, demikian usul
hamba.
Kita cari sungguh-sungguh"
Raja berlapang dada
mendengarkan perkataan
Renggang pulung.
Telah termaklumi oleh Sang Raja.
Tersebut pada pagi harinya.

*

Berkumpul para ponggawa.
Segera datang semua ponggawa-
menteri.
108 Setelah itu Raja bersabda.
"Sekarang, para ponggawa,
bahwa sebenarnya aku telah
nelangsa.
Di sini harap berhati-hati
menjaga negeri ini

*

sababna kami rek nyaba.
Reh ku maneh geus moal saraya deui
teu puguh anu dijugjug
di mana bae ayana
kudu riksa.
Gajah Putih sing satuhu.
Renggang Pulung rek dibawa,
rek neangan Ratna Putri."

*

Geus kitu Raja jung angkat.
Sok katunda Raja nu neangan Putri.
Kocapkeun Putri Trangganu
damelna keur leuleuweungan
beurang-peuting
turun gunung unggah gunung
geus nyamar ngarupa lanang
kasep lenggik jangkung leutik.

*

Kocap kelong kabur tea,
geus ngungkulan kana leuweung lebah putri.
Nenjo nu kasep kalangkung
Ki Kerenaka pok ngucap,
"Itu, Ibu, aya jalma kasep langkung!"
Ku kelong enggeus katinggal.
Kelong teh nyampeurkeun gasik.

*

Geus kitu kelong pok nanya,
"Aeh, satria, Anjeun teh ti mana nagri
nu matak aya di gunung?
Saha nya Tuang jenengan?"
108. Tuluy jawab, // "Kula ti nagara Tunjung.
Ngaran kula Guna Gana.
Nya kula keur nyusul Putri."

*

karena aku akan pergi.
Bahwa kalian tak akan membayangkan
tidak tentu yang dituju
di mana saja berada
harus diteliti.
Gajah putih harap setia.
Renggang pulung akan dibawa,
guna mencari Ratna putri."

*

Setelah itu Raja berangkat.
Ditunda Raja yang sedang mencari istri.
Tersebut putri Trangganu
tengah menyusuri hutan
siang dan malam
menuruni dan menaiki gunung
telah menyamar seperti laki-laki
tampan ramping tinggi kecil.

*

Tersebut kelong yang kabur,
telah sampai di hutan tempat putri berada.
melihat yang tampan berjalan,
Ki Kerenaka lalu berucap,
"Ibu, Ibu ada orang tampan benar!"
Sudah terlihat oleh kelong.
Kelong sigap mendekati.

*

Kemudian kelong bertanya,
"Hai, satria, di mana negerimu?
Mengapa ada di gunung?
Siapa nama engkau?"
108 Lalu menjawab, "Aku dari negara Tunjung.
Namaku Guna Guna.
Aku sedang menyusul putri."

*

Kerenaka tuluy ngucap.
"Kabeneran bet ieu manggih
lalaki.
Pantes mun dijieun ratu,
meujeuhna dijieun raja."
Tuluy ngucap
kelong ka Putri nu nyamur,
"Aeh, ayeuna Guna Gana
arek dijieun salaki."

*

Geus kaharti ku Guna Gana,
'Enya, eta kelong nu nyangsara
aing,'
nyaur sajeroning kalbu,
'Ayeuna mah sia beunang,
tangtu modar.
Panah aing bakal nyatu.'
Hanteu lepat kersa Dewa.
Panah geus kaluar bijil.

*

Eukeur ngewa ti baheula.
Guna Gana ka kelong pok nyaur
deui,
"Aeh, sia teh kelong burung!
Aing teh hanteu hayang!
Aing najis ka sia teh estu musuh!"
Bari panahna dipentang.
Jetot kelong tea mati.

*

Anakna tuluy narajang.
Jetot deui ku jamparing tuluy
mati
jeung Kerenaka enggeus pupus.
Indungna rawuh anakna
kabeh mati.
Jega Trangganu, "Aing naur!
Nyangsara kabina-bina!
109. Eta aing naur pati !" //

*

Kerenaka lalu berucap,
"Kebetulan menemukan lelaki.
pantas kalau dijadikan ratu,
wajar dijadikan raja."
Maka berkatalah
kelong kepada putri yang
menyamar,
"Ah, sekarang Guna Guna
akan dijadikan suami."

*

Sudah dipahami Guna Guna.
"Benar, itu kelong yang menyeng-
sarakanku".
gumamnya dalam hati.
"Sekarang kau tertangkap,
pasti mampus.
panahku akan memangsa.
Tak meleset kehendak Tuhan.
Panah telah disiapkan.

*

Telah benci sejak dulu.
Guna Gana berkata kepada
kelong.
"He, kau kelong gila!
Aku tidak sudi !
Aku muak kepadamu, nyata
musuh!"
Seraya panahnya direntangkan.
Melesatlah, kelong pun mati.

*

Anaknya lalu menerjang.
Terkena lagi panah lalu mati.
Telah gugur Kerenaka
Ibu berikut anaknya
Semua mati.
Bertolak pinggang Trangganu.
"Aku membalas !
menganiaya di luar batas !
109. Itu balasanku !"//

*

Guna Gana geus ngamanah,
geus ras eling ka putra sareng
salaki.
sok tunda Putri Trangganu.
Kocap Raja Barjah tea
jeung putrana
anu eukeur mapay gunung.
Eta anu mapay tea
Guna Gana katingali.

*

Guna Gana telah merenungi.
telah ingat akan anak dan suami.
Tunda dulu tentang putrri
Trangganu.
Tersebut Raja Barjah
dengan putranya.
yang sedang menempuh gunung.
Itu yang berjalan tadi
Guna Gana terlihat.

*

Geus puguh ka carogena,
enggeus sono kawantu geus lami
teuing.
Di leuweung enggal patepung
Trangganu jeung Raja Barjah.
Sanggeus kitu,
Raja Barjah tuluy nyaur,
"Anjeun teh satria mana?
Kaula anyar pinanggih."

*

Setelah yakin bahwa itu suaminya,
maka rindulah karena sangat lama.
Di hutan segera bertemu
Trangganu dengan Raja Barjah.
Setelah itu,
Raja Barjah lalu bertanya,
"Engkau satria dari mana
Aku baru berjumpa."

*

Putri Trangganu keur nyamar,
ngarupakeun harita jadi lalaki.
Raja Barjah mindo nyaur,
"Pangapunten,
kula naros nu saestu.
Eukeur naon padamelan?
Keur nyandang wiwirang kuring."

Putri Trangganu sedang menyamar
saat itu menjelma laki-laki.
Raja Barjah mengulang bertanya,
"Maafkanlah,
aku bertanya serius.
Apa yang dikerjakan?
sedang menemui cobaan?"

*** Wirangrong ***

Gunda Ganda matur ta'dim,
"Sumuhun parios Katwang.
Abdi keur nyandang prihatin
ayeuna keur nyusul putri.
pun bojo dipaling buta
eukeur waktu ngala kembang.

*** Wirangrong ***

Gunda Ganda berhatur takzim,
"Benarlah, paduka.
Hamba sedang mengalami prihatin
Sekarang sedang menyusul putri,
istri diculik raksasa
ketika memetik bunga.

*

Eukeur kaedanan kuring
nu mawi aya di ganggong
eukeur liwat langkung ewun
ayeuna teh jisim abdi
estu katingal ku garwa. //
Sumuhun kitu purwana.

*

Ayeuna malik naros jisim abdi.
Gamparan ti mana yaktos
Naon anu dipimaksud
nu mawi ka dieu sumping
sareng saha nya jenengan?"

*

Raja Barjah pok wawarti,
"Kaula nagri yaktos,
Cantaka Pura nu mashur.
Ieu keur neangan Putri
asalna aya nu mawa
ku kelong eukeur di jamban.

*

Tah kitu asalna tadi
ka dieu anu diburu.
Sugan Anjeun mendak catur,
jeung ti mana ari Adi,
sarta ti mana nagari,
jeung saha Tuang jenengan?"

*

Nu dipariksa ngalahir,
"Sumuhun, parios Katong.
Menggah abdi kaula nun.
Nu purun nyebut ka kuring
Gunda Ganda abdi ngaran,
ti Awangi nya nagari.

*

Hamba sedang tergila-gila
makanya ada di rimba
sedang kebingungna benar
diri hamba sekarang
ditinggalkan istri.//
Demikianlah keadaannya.

*

Sekarang sebaliknya hamba
bertanya.
paduka dari mana
apa maksud
datang ke sini
dan siapa nama paduka?"

*

Raja Barjah lalu menerangkan,
Aku bernegeri
Cantaka pura yang termashur.
Kini sedang mencari putri
karena ada yang menculik
oleh kelong (sejenis kuntilanak)
saat di kamar mandi.

*

Demikian asal kejadiannya
sehingga diburu ke mari.
Barangkali engkau ada kabar,
dan dari mana Adik,
serta dari negeri mana,
dan siapa namamu?"

*

Yang diperiksa menjawab,
"Benarlah, perkiraan Katong.
Hamba sebenarnya,
Yang biasa panggilan orang
hamba bernama Gunda Ganda,
berasal dari negeri Awangi.

*

Nu mawi di leuweung abdi
yaktosna abdi ku katong
jadi mantri nomer satu.
Dupi kitu aya jurig.
Abdi dipiceun ka alas.
Kuring teh kitu asalna.

*

Sanekala nu ngaganti
jadi mantri anu yaktos
sarta siga rupa alus
jadi mantri nomer hiji.
111. Raja anu kurang awas //
boro mah raja digjaya.

*

Hanteu ningali dielid
bet raja beunang diperong
teges kurang mangartos
boro mashur raja surti
nu maling hanteu kalangkung
kurang eling jadi ilang."

*

Sang Raja hanteu ngalahir,
raos lingsem ku Sang Katong.
Sarua pisan nya kitu,
eta lampah Raden Mantri.
Ari ayeuna mah, urang
masing jadi dulur enya.

*

Barjah geus kitu ngalahir,
"Urang jadi dulur yaktos,
diangken adi nu yaktos."
Gunda Ganda matur deui,
"Gamparan lamun lumayan
misaderek nu sangsara

*

Yang menyebabkan hamba berada
di hutan
ketika oleh Sang Katong
dijadikan perdana menteri.
Lalu muncul setan.
Hamba dibuang ke hutan.
Demikian asal saya.

*

Pergiliran waktu yang berganti
menjadi menteri yang sebenarnya
serta seperti rupa bagus
menjadi perdana menteri.
111 Raja yang kurang waspada //
padahal raja digjaya.

*

Tidak melihat disamarkan
ternyata raja bisa ditipu
sungguh kurang mengerti
padahal terkenal sebagai raja
cerdik
pencuri tak bisa lolos
kurang sadar maka menjadi hilang".

*

Sang Raja tidak berbicara,
agak segan karena Sang Katong.
Sama benar demikian,
kelakuan Raden Menteri.
Sementara sekarang kita
menjadi Saudara sebenarnya.

*

Setelah itu Barjah berkata,
"Kita menjadi saudara,
dianggap adik sebenarnya".
Gunda Ganda berhatur lagi,
"Paduka jika berkenan
menganggap saudara yang sengsara

*

kurang harta kurang harti
kurang tindak-tanduk yaktos.
Sim abdi sumangga tumut
kana keresa Jeng Gusti.
Ayeuna ka mana kersa
nu diseja ku Gamparan?"

*

Sang Raja ngalahir deui,
"Ayeuna Kakang teh helok,
poek ati liwat langkung
teu puguh anu ditungtik,
teu borong Adi ayeuna
rek nurutkeun bae Akang."

*

Gunda Ganda pok ngalahir,
"Abdi teh hatur piwartos.
Perkawis garwa Sang Ratu,
dikinten ku jisim abdi,
112. enggeus di nagri // Wustana.

*

Mangga jisim abdi ngiring.
Nya di dinya urang dongdon".
Geus kitu tiluan laju.
Renggang Pulung hanteu kari.
Di jalan teu dicarita.
kacarios enggeus dongkap.

*

Sigeug eta tilu jalma.
Kocapkeun hiji nu yaktos.
Patih mantri seug nyaur.
Dursana ngaran papatih.
Geus kumpul tilu ponggawa.
Sang Raja lajeng ngandika.

*

kurang harta dan pengetahuan
kurang didikan akhlak.
Diri hamba siap mengikut
akan kehendak Jeng Gusti.
Sekarang ke mana yang ingin
dituju Paduka?"

*

Sang Raja bersabda lagi,
"Sekarang Kakanda bingung,
sangat kehilangan akal
yang dituju tidak pasti,
bagaimana Adik saja sekarang,
Kakanda akan menuruti".

*

Gunda Ganda lalu berucap,
"Hamba menghaturkan kabar
mengenai istri Sang Ratu,
hamba kira
112. sudah di negeri // wustana.

*

Mari, hamba pun ikut.
Di sana akan kita saksikan".
Setelah itu bertiga melaju.
Renggang pulung tak tertinggal.
Tak tersebut di perjalanan,
singkatnya sudah sampai.

*

Demikian ketiga orang itu.
Tersebut satu yang pasti,
patih mantri menyeru.
Dursana nama patih.
Telah berkumpul tiga ponggawa.
Sang Raja lalu bertitah.

*

"Aeh, ayeuna Raden Patih,
kudu indit buru-buru ka Cantaka Pura,
kudu leumpang sapeupeuting.
Rajana kudu kabawa,
anu ngaran Raja Barjah.

*

Mun Barjah enggeus kacangking,
Raja Nyi Putri Trangganu.
Barjah pek panjara tutup
di guha upas nu sengit.
Peuting ieu sing kabawa
anu ngaran Raja Barjah."

*

Piwarangan tacan indit,
geus dongkap nu tilu yaktos.
